(i) *Present Progressive*: two forms, (i) oblique of present participle in **-ita** (**-itẽ**)+ present tense of substantive root **ach** or **ah** 'to be': thus—**hoitẽ acha** (13a), **karaïtẽ achathi, caraïtẽ acha,** etc. (very common, with √**ach**); **karaïtẽ āha** (37b, 56a); and (ii) a verbal form in **-aï** + present tense of √**ach**: *e.g.*, **bharaï acha** (29a), **karaï acha.**

In Modern Maithilī both these forms occur—as **karait ach**^{i} and **karaïch**^{i}. The explanation of (ii) is not clear: it seems to be a verbal noun in the oblique + the substantive root (cf. 'Origin and Development of the Bengali Language', pp. 1023 ff.). Cf. also **karaï ārahu** (60b) = 'began to do'.

(ii) *Present Perfect*: made up of the passive or past participle in **-ala** (fem. **-ali**) + present tense of √**ach**: *e.g.*, **bhela acha, bhela chathi** (52b), **bhae ġela chathi** (honorific), **bhae ġelicha** (<**ġeli**+**acha**), **ġelacha** (<**ġela**+**acha**) (30a), **kaïli acha** (29a), **baïsala chathi, calala achathi, ānala acha,** etc.

(iii) *Past Progressive*: rare form. Present Participle in **-at-** (= **-ait-**?) + past tense in **-u** of √**bhū**: thus, **aneka padātika calata bhaüaha** (46b); also at p. 49a, twice. Probably there was a similar formation with **-at-** + **-ala-** past form of √**ach,** but there is no example of it.

Past Perfect: not found.

§ 51. Conjunctive Indeclinable. The ending is **-ĩ** OIA. **-ya** (as in prefixed roots) > MIA. **-ia** > **-ī, -i.** Thus, **jini** (18a), **laï** (29a); **lipi** (52b); **bhaï** (47a); **se rājādeśe hakāri haluaha** 'they marched after shouting by the order of the king' (44b); **karī; āni** (25a), **ānī** (25b); **uddhari** (26a); **sāwaśeṣi** (28a). In some cases, after a vowel, the **-i** is dropped: **pīḍhī eka ṭhāma dharala, sewakẽ paṭā** (= **paṭāi, paṭāy**) **dela** (76b) 'the seat was put at a place, it was spread by the servant'; **tā bidañota-kẽ duao sambāhikā ho bhaüaha** 'they were (lit., having been, became) the two *masseuses* of the musician' (57b). In a case like **śucī bhae baisalāha** 'became clean and sat' (76b), **bhae** can be both the indeclinable (= **bhaï**) and the absolute case of the participle adjective (§ 37); so **nāyakẽ pāna lae mukha-śuddhi kaela** (28b); **Brahmāñe caturmmukha kae halu,** lit. 'Brahma went making himself four-faced' (18a) (cf. **Kṛṣṇa caturmmukha bhae ġelāha**). The earlier MIA. form with the final **-a** (**-ia**), is preserved in **aneka bājana bajāia haluha** 'they went playing on many musical instruments' (47a): this is an archaic survival.

§ 52. PARTICIPLES.

(i) *Present Participle*: the affix is **-ait-**, and it occurs in the absolute form in **-ẽ, -e** (**-aitẽ**). The vocalism of the affix possibly arose as follows: MIA. **calanta,** nominative (Māgadhī Prakrit) **calante,** Apabhraṁśa ***calanti,** whence Maithilī **calaiti** by epenthesis: cf. the plural form **calata bhaü(a)ha** (46b) where **calata** = **calantā,** of plural origin, with no epenthesis. Instances of the **-aitẽ** form are very common.

(ii) *Past or Passive Participle*: (see above, § 49) **-ala-**, fem. **-ali,** very common. In causatives and denominatives, **-āyala** (**-āela**), **-āwala** (**-āola, -aula**); *e.g.*, **kiṭāela kāla-sarppa** (46a), **nirmmauli**(20a).

§ 53. CAUSATIVES. Examples: **karāwae** (24b); **uṭhāwaha** (13a: imperative); **snāna karāu** (25b: past tense in **-u**); **prabhāta-jñāna karāola** (29b); **kumara baisaü, tadanantara jale snāna karāola, devāṅga bastra parihāola** (36a); **calaole,** absolute form (57a); **añcāola, rukhāola** 'washed mouth after eating, dried' (77b); etc. The affix **-āw-**, from **-āpaya-**, is well known.

§ 54. PASSIVE. Very few instances: **āsthāna-bhītara itara loka-saño byābṛtta rājā bujhiya jā āsthāna** 'distinguished from the rest of the people, within the court-hall the king is observed in that hall' (24b); **tāru chaḍāwia, jihwā na chāḍae** 'the palate is freed, but the tongue does not leave' (77a); **se bolahi na pāriaï** 'that cannot be described' (58b). The affix is **-i-** (**-iya-, -ia-**), from OIA. **-yá-**, through the MIA. **-ia-** (cf. 'Origin and Development of the Bengali Language', pp. 909–920).

§ 55. COMPOUND VERBS. These are found, but there are not many, *e.g.*, **paṭā dela** (76b); **bhae gelāha** (18a); **ā bhaü** (30b); **bhaaï gaü** (33a), etc.

(*f*) Formative Affixes.

§ 56. The feminine affixes have been mentioned before, § 24. The following Formative Affixes are common:—

(i) **-āra** < **-kāra**: agentive, as in **juāra** (**dyūta-kāra**), **suāra** (**sūpa-kāra**); connective, as in **jeñonāra** 'feast, dinner' (***jamana-kāra**).

(ii) **-wāra, -āra** < **-pāla**: agentive, connective: **sejawāra** (23b) = **śayyā-pāla; chināra** (10a); **khela-wāra** 'player' (also **khela-pāla**); **kamarū-wāla** 'of Kāmarupa' (36a).

(iii) **-iā** < **-ikă + -āka**: connective, in names of professions: **dhūniā** 'cotton-carder'; **bajara-kaṇḍiā** 'thunder-bolt arrowed' (46b); **maradaniā** 'shampooer' (25a); **gohariā** 'petitioner' (56a);

mukhiā 'chief' (23b); **paṭaniā** 'ferryman'; diminutive, as in **beṭiā** 'daughter' < **beṭī**.

(iv) **-ī** or **-i** < **-ika**: connective: **bhaṇḍārī** (23b), **barahakhuri mahisi** (76b), **barahathī** (36a), **marahaṭhī**, **telaṅgī** (57a); abstract, < **-ikā**: **bāiti** (47a, 59a: see below, viii Extension). It is to be noted that the abstract and dimunitive **-ī** is really the feminine affix: *e.g.*, **ghā̃ṭī** = **ghaṇṭikā** (25b), etc.

(v) **-ā** < **-āka**: pleonastic, honorific (also pejorative): **bariṭhā** (23b) = **variṣṭha-**, **gholā** beside **ghola** = **ghoṭa-**; **agaharā** = **agrahāra-** (13a, 73b); adjectival: **do-hathā**.

(vi) **-u**, **-ū** < **-uka**: pleonastic, pejorative: **Sondū**, **Gondū**, **Kiratū**, **Kānhū** (25a); **manaü** (25a) = **mānava-**.

Extension: **-u-a**: **muṇḍa-pholua**, **naḍi-tolua** (10a).

(vii) **-hāra** < **-dhāra**: agentive: **bolanihāra**, **maṅganihāra** (38b), **dhaonihāra** (46a).

(viii) **-ā̃ita** < **-āyant-** (present participle base of causatives and denominatives): **phariāita** (46a), **paḍhāïta**, **ulathāita** (46b), **gawaïtāha** (55a); **ohadāita** (< **ohadā** < Perso-Arabic عهده) (29b).

Extension: **-āitī** <* **-āyantikā** : **bāïti** 'playing' (***vādayantikā**). Occurs also as **-ā̃üta** (< ***-āpayanta-**): **khaṇḍāutī** = ***khaṇḍāpayant-ika**.

There are some more, but these are found in Modern Maithilī, and do not present any noteworthy features.

[III] Syntax.

§ 57. The *Syntax* is that of the ordinary NIA. type. The language has not yet developed the complexities of the later Maithilī, especially with regard to the verb. This gives it an archaic, Apabhraṁśa aspect. Simple sentences are preferred, and periphrasis becomes necessary, the narration frequently halting by bringing in a noun, and then commencing the statement with a new sentence (cf. § 38, and the quotations). As usual, the order is—nominative + object + predicate. The frequent use of the numeral *after* the qualified noun has been noted (§ 44). Compound verbs are also an established feature (§ 55).

§ 58. One feature of the *style* of the work is the fondness of the author for jingle and assonance. In places it is nothing but rimed prose. Thus—**paighe khure cākarẽ ure** (? **ḍare**) . . . **gā̃ṭi pici aḍī ḍhīṭi**: **moṭai kandha aṭane bāndhe**: **choṭe kāne āha bāne** (44b), **kācane nayane sukhāsane gamane, hīye milala pākhara-ka bhīnala, mana-ka bujhala jaghana-ka jujhala,**

taruṇe ãge bujhalī bãge (in a description of horses) (45a); **punu kaïsana śmaśāna? calaïtẽ rākṣasī, kilakilaïtẽ betāla, japaïtẽ sādhaka, palaïtẽ gīdha, kawalaïtẽ kāka, jarayitẽ** (63b) **citā, saṁcaraïtẽ bhūta, sādhaïte ḍākinī, ewambidha bhayāwaha śmaśāna dekhu; aparaḥ prakārah . . . jā śmaśāna, citā-ka udyota, calaïtẽ khadyota; siwā-ka phetkāra, ḍākinī-ka sañcāra; bhamaïtẽ preta-ka taraṅga, malā-ka kalaṅka** (=**kalaṅga**); **betāla-ka cāla, cora-ka kaṅkāla; kṣudhārtta gīdha, saṁtuṣta siddha** (= **sīdha**?); **siṅga-ka nāda, piśācaka biwāda; rākṣasa-ka hāka, kapāli-ka ḍāka; yoginī-ka cakra, pākhaṇḍa-ka gaṇa-cakra; basā-ka gandha, sādhaka-ka prabandha; mahābhūta-ka kalakali, pecāka-ka kacapaci; rudhira-ka paṅka** (= **paṅga**) **kātara-ka mātaṅga**:—**ewambidha bhayāwaha śmaśāna dekhu** (64a); **aḍī ḍīṭhi bāṅka pīṭhī, ghane lāle madhurẽ jwālẽ** (76b); etc. The above passages also demonstrate the purpose of the book—to supply *Kathakas* with set *formulae* or passages.

[IV] The Vocabulary.

§ 59. *Tatsama* words are found in plenty, also *semi-tatsamas*, and hybrids of these with *tadbhava* words and affixes. Yet the speech in the connected passages is not so Sanskrit-ridden as some forms of Modern Bengali, Oriya or Hindī: a great many *tbh.* words, some of them very precious relics of MIA., have been preserved in the work.

§ 60. A number of Persian (including, of course, Arabic, and Turkī) words are found, and these are conclusive evidence for the work being composed at least a century after the Mohammedan conquest. The Persian words in the V.R. have been naturalised, and they take native suffixes, like any *tbh.* or *ts.* or *sts.* word. This is the list: **tuluka** 'Turk, Mohammadan' (10a) = ترك; **payāju** 'onion' (10b) = پیاز; **sakalāta** (29a) 'a costly stuff' = شقلات; **tīra** 'arrow' (44b) = تیر; **tāji** 'Arab horse' (44b) = تازي; **mojā, sara-mojā** 'boot top-boot' (45a) = موزه, سر موزه; **nīka** 'well, good' (?) (38a) = نيك; **hajāra** 'thousand' (39b) = هزار; **cīni** 'sugar' (77a) = چيني; **makalā** 'a kind of costly stuff' = ? مكلل 'edged, bordered'; **tahasīla** (?) (39b) = تحصيل 'gain, acquirement, collection'; **naobati** 'guard (?), music at stated hours' (?) (29b, 30b) = نوبت 'period, turn; keeping watch, relieving guard; drums and music played at intervals'; **ohadayita, ohadā** 'officer, office' (29b) = عهده (this word occurs in Bengali as **huddā** 'office', **huddādār** 'officer' and **ohdedār** 'a surname'). Two Persian words are inherited from MIA., being early, pre-

Mohammadan borrowings: **pāyika** (44a), and **asabāranhi** or **asawāranhi**, instrumental plural (48a): **pāyika** is found at least as early as Rājaśekhara in the form **pāikka**, and **asawāra** occurs in the Sanchi inscriptions, 2nd Cen. B.C., as **asavāri** (< Old Persian **asabāri**- 'horsemen' = Sanskrit **aśva-bhāra**-).

§ 61. I give below a number of interesting words:—

Lorika nāco (10b): the song of the hero Lorik is still popular among the Goālās of Mithilā and South Bihar. It thus goes back at least to the 14th century.

bahuta (16a): found as **bahutta** in the 'Dohā-koṣas'.

khompā (षोम्पा 18a): found also in Old Bengali (12th century), = New Bengali **khõpā** 'done-up hair, hair tied in a knot'.

saeyāna (22a): 'clever', 'grown up': cf. Marāṭhī **sahāṇā**. It occurs in most other New Indo-Aryan.

manau (25a): 'man, men'.

paera (29b): 'foot'.

akhalu (33a, etc.). Previously I had wrongly explained it as meaning 'was', and had connected it with Bhojpuriyā **khe** = 'is', **nai-khe** 'is not'. R. L. Turner (Bulletin of the School of Oriental Studies, London, Vol. VIII, Parts 2 and 3, 'Indian and Iranian Studies presented to Sir George Grierson', pp. 795 ff.) on the basis of this wrong translation derived this Early Maithilī form, and the Bhojpuriyā ones, from Old Indo-Aryan (Sanskrit) **ā́-kṣēti** 'stays, remains, exists', from prefix ā+root **kṣi**. [Turner sought to connect this **ā́-kṣēti** with New Indo-Aryan √**ăch** √**cha**, etc. But the derivation of NIA. **āche, che**, etc., from MIA. **acchaï, acchadi, acchati** and OIA. ***acchati** = I-E. ***es-ske-ti** appears to be the most satisfactory one: the difficulty presented by the Kashmiri **chuh** = 'is', where the **ch**- must rest on an OIA. **kṣ**-, can be met by explaining the Kashmiri form as a loan from the Panjab and Gangetic India.]

The real meaning would seem to be 'appeared'. My former pupil Mr. Subhadra Jhā, M.A., has pointed out to me that the root is **akhal**, and not **akh-**, **-u** being the affix for the past tense (the **-l-** past is always **-ala-** and never **-lu**—see § 49 above). Mr. Jhā quotes the following from Vidyāpati: **su-pahu-ka bacana rada sama, mo hia akhaḷala** (= **akhaḍala**) **bhāna : apana bhākhā boli bisarae, ithī** [**ki**] **bolata āna ?** 'The word of a true Master, *i.e.*, a gentleman (**su-pahu**), is similar to the tusk (of an elephant) (*i.e.*, a gentleman must be true to his word, just as an elephant cannot shake off his tusks: cf. the Hindustani proverb—**hāthī-kā dā̃t, mard-kī bāt** "an elephant's tusk, a man's word"): in my mind (heart), this appeared

(**akhaḷala**) to be the perception (**bhāna**). (But) he forgets his own talk, after having uttered it! in this situation (**ithī**), what will another say?'

The verb would thus appear to be **akhal, akhaḷ** or **akhaḍ** (**akhaṛ**). Is this connected with Hindustani **akharnā** 'to be disagreeable, to be hard or difficult, heavy, burdensome, oppressive or unsupportable', **akhaṛ** or **akkhaṛ** 'unformed, unfashioned, coarse, head-strong', etc., and **akhṛānā** 'to be crooked, cross, rude, rough, contentious', etc.? Platts derives **akhaṛ** from Sanskrit **a-kṛtta-**. Prakrit (Mahārāṣṭrī, as in the 'Gāhā-satta-saī', 44) has **akkhaḍaï** 'attacks', which has been derived from **ā-√skand** in the 'Pāïa-sadda-mahaṇṇavo' of Pandit Hargovinddas T. Sheth, but the old commentary of Gaṅgādhara-bhaṭṭa explains **akkhaḍaï** as **ā-skhalati: smṛti-patham upaitîty arthaḥ.** Cf. also Sanskrit **ā-√kṣar** = 'to accuse, to calumniate'. The semantic difference between Early Maithilī **akhal-u, akhaḷ-ala** on the one hand, and Hindustani **akhaṛ, akharnā, akhṛānā** on the other, is not unsurmountable. Cf. Hind. **√lag** 'to strike, to appear, to be in relationship to, to be required < to be attached' = Bengali **√lāg** 'to be attached; to be painful; to be required'.

Mr. Jhā also quotes from Vidyāpati **bhāna achala** = 'I thought' (lit. '[my] perception was'), where **achala** occurs practically as the equivalent of **akhaḷala**. Semantic convergence has resulted here, in spite of etymological divergence.

megha-udumbara (35b): 'a kind of costly cloth, from which *sārīs* used to be made'. In Middle Bengali, the word commonly occurs as **megha-ḍumbura**. One form of the word reads as **megh-āḍambara.**

Silahaṭī (35b): 'of Sylhet'? = 'a kind of cloth'. But we have mention of **Silahatī** rice in a little verse by Ghāgh, the folk-poet of Bihar and Northern India.

āmanaika (38a, 43a, 44b): 'attendant, officer, servant < member of a sect': a *sts.*, < **āmnāyika, āmnāyin.** This explains the obscure Middle Bengali word **āmani, āmini** 'an attendant at worship or in a temple, a devotee', found in the 'Śūnya-purāṇa'.

ṭeṇṭa (38b) in **ṭeṇṭa-sāra** 'a gambling house', and **ṭeṇṭā-karāla**? 'a gambler', which is found in Prakrit (*e.g.*, in the 'Karpūra-mañjarī').

māri-gañjana (39b): cf. Bengali **gañjanā** 'abuse'.

√hal, generally in the past form **halu,** pl. **haluaha:** 'walk, go': found in Vidyāpati, and occurs in Sindhī, not noticed elsewhere.

mahuarī (47a): 'a musical instrument, a flute': occurs in Early Middle Bengali as **mauhāri, mohārī** (<**madhukara-**).

niśāna (47a): 'music' < **niḥsvāna**; found in almost all New Indo-Aryan languages.

ambara (44b), 'a breed of horse'. The horse of Lāu-sena, the hero of the Middle Bengali epic tale the 'Dharma-maṅgala', is called **Ambar Pākhar.** [I have heard of a horse (belonging to a Hindu *rais* of Faizābād, U.P., who was a Persian scholar as well) called **Ambar** = Arabic عنبر *'anbar* 'ambergris': is our word the same, and so Perso-Arabic in origin ?]

ṭāṅgana (44b): 'A Bhotia pony'. Is it really the Tibetan **rta-ṅāṅ** (as in Yule and Burnell's 'Hobson-Jobson')?

baṁjhi (49b): 'a plant', probably the one known as **baheñcī** in Old Bengali, and **baĩci, bõc** in New Bengali, with tiny acid fruit: Skt. **vikaṅka.**

ghāla (56b): 'throw', found in Old Bengali.

√ḍaḍh (62b): 'burn': found in Old Bengali.

unhasa (63b): = Skt. **ullasa.** The form with **-nh-** also occurs in Old Bengali.

ogara (76b): 'rice': cf. Bengali **ogrā bhāt** 'rice and pulses boiled together', and **oggara bhattā** in the 'Prākṛta-Paiṅgala'.

cīni (76b): 'sugar'. It is curious that *sugar* should be so called (='of China'), and *sugar candy* should similarly be called **misrī** (مصری 'Egyptian') in India.

An annotated list of the words in the V.R. would certainly be of the highest value in all the domains of Indology, and specially in the domain of philology of the New Indo-Aryan tongues.

The press copy for the present edition has been prepared by Pandit Babua Misra and myself from the original MS. Proofs have been corrected by us with reference to the original MS. also.

Indication of pages (*e.g.* [१० क] = 10a, [१० ख] = 10b) have been inserted by us in the text within square brackets. The end of a line has been shown by a thin long vertical line ।. Dots between words (with the value of a comma in present-day printing) are as in the original. *Akṣaras* which cannot be read are represented by the sign ×. *Akṣaras* read with difficulty are given in square brackets. *Akṣaras* supplied are printed in ordinary brackets, as well as corrections which are equated with preceding words or *akṣaras*.

The *Index Verborum* has been prepared by my former pupil and research assistant Mr. Krishnapada Goswami, M.A., who has also revised the references to the text in the grammar portion of the Introduction.

Two pages of the Original MS. (10a, first page, and 77b, last page) are given in half-tone reproduction.

SUNITI KUMAR CHATTERJI.

'Sudharmā,'
16 Hindusthan Park,
Baliganj, Calcutta.
15th September 1940.

भूमिका ।

यश्चत्वारि शतानि बन्धघटनालङ्कारभाञ्जि द्रुतं
श्लोकानां विदधाति कौतुकवशादेकाहमात्रे कविः ।
ख्यातः क्ष्मातलमण्डलेष्वपि चतुःषष्टेः कलानां निधिः
संगीतागमनागरो विजयते श्रीज्योतिरीशः कृती ॥

(सुभाषितरत्नभाण्डागार)

भारतीक अनन्योपासक कविशेखराचार्य ज्योतिरीश्वरठाकुरक जाहि वर्णन-रत्नाकरक चर्चा हमरालोकनि अवसर-अनवसर एतेक दिन करैत अयलहुँ अछि, से अन्तमे छपि पाठकक संमुख अछि। एकर प्रकाशनक मुख्य श्रेयः थिकन्हि अध्यापक श्रीमान् सुनीतिकुमार चट्टोपाध्याय महोदयकें। श्रीयुक्त सुनीति-बाबू मिथिला ओ मैथिलीक अनन्य पक्षपाती भय, अन्यान्य भाषा सभक सङ्ग मिथिलाभाषाकें सन् १९२१ ई० में कलकत्ता विश्वविद्यालयमें स्थान देअओलन्हि; ओ हुनकहि भरें उक्त विश्वविद्यालयमें मिथिलाभाषा अपन प्रशारक्षा कयनें चल जाइत अछि। कहबाक तात्पर्य ई जे पूर्वहिक उपकारक भारसँ नवल मिथिलाक घाड़कें एहि ग्रन्थक प्रकाशनद्वारा श्रीसुनीतिबाबू आओर नवा देलन्हि।

वर्तमान ग्रन्थ एकटा तड़िपतक आधार पर छपल अछि। तड़िपत बङ्गाल 'रोयल एसिआइटिक सोसाइटि'क ग्रन्थागारमें सुरक्षित अछि। ई तालपत्र स्वर्गीय म० म० हरप्रसाद शास्त्रीक सहायक पण्डित विनोदविहारी काव्यतीर्थ अनुसन्धान कय मिथिलासँ प्राप्त कयनें छलाह। म० म० हरप्रसाद शास्त्री ग्रन्थ पबैत मात्र एकर महत्त्व बूझि अपना रिपोर्टमें एकर उल्लेख कयलन्हि, जाहिसँ तत्कालीन विद्वन्मण्डली एकर पता पओलक। ग्रन्थ उपलब्ध भेलाँ आइ प्रायः चालीश वर्ष थिकैक; तथापि एकर प्रकाशन अद्यापि जे नहिँ भेल, तकर एकमात्र कारण—एकर हीनावस्था। उपलब्ध पुस्तक अनेक स्थलमें खण्डित ओ लेखकक दोषें अशुद्धाक्षर ओ भ्रमाक्षरसँ अत्यन्त दूषित अछि। आरम्भसँ नओ पत्र ओ बीच-बीच में कतोक पत्र (सभ मिलि १७ पत्र)

उपलब्ध नहि होइछ। यद्यपि अवशिष्ट अंश अति सुन्दर ओ सुवाच्य प्राचीन मिथिलाक्षरमेँ लिखल अछि, परन्तु बीच-बीच मेँ उड़लो अक्षरक संख्या एहि मेँ कम नहिँ छैक। संस्कृतक ग्रन्थमेँ पूर्वापर अक्षर देखि मध्यवर्ती अक्षर बहुतकाल अन्दाज कय सकैत छी, परन्तु भाषाक ग्रन्थमेँ नहिँ। ताहू पर ग्रन्थक भाषा थीक समीपवर्ती समयक भाषा नहिँ, प्रत्युत आइ सँ ६००-७०० वर्ष पूर्वक, जखन मिथिलाभाषा कही वा नहिँ, परन्तु कतोक अन्य प्रान्तीय भाषा अपन शैशवावस्थहिमेँ छल; ओकर रूप पूर्णतरहेँ व्यवस्थित ओ परिमार्जित नहिँ भेल छलैक।

पुस्तकक ओहन हीनावस्था रहनहुँ सन् १९२२ ई० मेँ स्व० सर आसुतोष मुखोपाध्याय महोदयक अमलमेँ कलकत्ता विश्वविद्यालयक द्वारा ओकर नकल कराओल गेल ओ श्रीयुक्त सुनीतिबाबू, स्व० पण्डित खुद्दी झा ओ बाबू श्रीगङ्गापति सिंह एकर प्रकाशनक हेतु सयत्न भेलाह। परन्तु पुस्तकक अवस्था देखि हुनकालोकनिक उत्साह वारंवार भग्न होइत गेलन्हि, ओ हस्तलिखित पुस्तकक रूप मेँ ओ अद्यावधि रहल। स्व० पण्डित खुद्दी झा कतेक वेरि दोसर प्रतिक हेतु प्रयास कयलन्हि, परन्तु से कतहु नहिँ भेटलन्हि।

पं० खुद्दी झाक देहान्त भेलाँ आइ १३ वर्ष थिकन्हि, परन्तु दोसर प्रतिक सम्बन्धमेँ कतहुसँ कोनो खवरि नहिँ आएल। एम्हर कलकत्ता विश्वविद्यालयमें मिथिलाभाषाक सभ भार हमरहि ऊपर आवि गेल, ओ मैथिली सम्बन्धक सभ विषयमेँ हमही पूछल जाय लगलहुँ। श्रीयुक्त सुनीति-बाबू दोसर प्रतिक हेतु बरोबरि जिज्ञासु रहलाह। परन्तु ओकर उपलब्धिक कोनो सम्भावना नहिँ देखल गेल।

अन्ततो गत्वा एक दिन ओ हमरा कहलन्हि जे द्वितीय प्रतिक प्रत्याशा छोड़ि जाही रूपमेँ पुस्तक उपलब्ध अछि ताही रूपमेँ एकरा आब छपाय दी सैह नीक। हमरहु सैह उचित बुझना गेल ओ हम दूनू व्यक्ति जहिना जहिना अवकाश भेटैत गेल 'एसिआइटिक सोसाइटी' जाय प्रेस-कापी तैयार करय लगलहुँ। एहि ठाम हम फेरि कहि देबय चाहैत छी जे सम्पादनक मुख्य कार्य कयलन्हि श्रीमान् सुनीतिबाबू, हम तँ मैथिल होयवाक योग्यतासँ संग कय लेल गेलहुँ।

प्रेस-कापी तैयार करयक काल श्रीसुनीतिबाबू हमरा सँ बहुत शब्दक अर्थ पूछथि; परन्तु सभ शब्दक अर्थ कहि सकब हमरा साध्य सँ बाहर छल। एहि ठाम एक ई विषय कहब अप्रासङ्गिक नहिँ होयत जे, प्रेस-कापी तैयार करयक काल साढ़े चारि शय वर्ष पूर्वक लिखित ओहि तालपत्रक लेख मेँ श्रीसुनीतिबाबू बङ्गाक्षर बूझि ऊहापोह करैत छलाह, ओ हम मिथिलाक्षर बूझि। ओहि कालमेँ बहुत शब्दक अर्थ नहिँ बूझि सकला पर हुनक वारंवार आग्रह भेल जे, देश गेला पर ग्रामीण-वृद्धलोकनिसँ अर्थ बूझि पुस्तकमेँ ओकरा सभकेँ सन्निविष्ट करी। परन्तु हमरासँ से नहिँ भय सकल। नहिँ होयबाक अनेक कारण। एक तँ देश गेला पर ततेक फुरसति ओ धैर्य नहिँ जे गाम गाम पर्यटन कय अर्थ बुझबाक प्रयत्न करी, दोसर हमरा इहो भेल जे हमरहु लोकनि आब वृद्धैक हिसावमेँ अयलहुँ, अतः जखन ओहि शब्द सभक किछुओ अर्थ बुझबामेँ नहिँ अवैछ तखन एहि कार्यमें सहायता पहुँचा सकनिहार व्यक्ति चेष्टा कयनहुँ भेटताह तकर कोन निश्चय। आदर्श तालपत्रक अशुद्धि-बाहुल्य, सेहो एहि प्रयास-मेँ अनुत्साह कयलक। एहना स्थिति मेँ अर्थसहित ग्रन्थक प्रकाशन असम्भवे रहल; परन्तु कहो तँ एहिसँ ई लाभ जे प्राचीनभाषाप्रेमी विद्वान्लोकनि हमरालोकनिक व्याख्या द्वारा किञ्चिन्मात्रो प्रभावित नहिँ भय ग्रन्थक आमूल अध्ययन कय स्वतन्त्र रीतिसँ अपन व्याख्या लिखि सकताह। हमरालोकनि केवल मूल ग्रन्थ प्रकाशित करैत छी, ओ ई सबल भय कहि सकैत छी जे जे पुस्तक 'एसिआइटिक सोसाइटि'क पुस्तकालयमेँ राखल अछि सर्वथा सैह पुस्तक देवनागरी अक्षरमेँ छपल रूपमेँ पाठकक संमुख उपस्थित भेल अछि। जनिका हमरा सँ वेशी धैर्य ओ योग्यता हो—जाहि तरहक लोक एखनहुँ मिथिला मेँ बहुत छी—अवशिष्ट कार्यक सम्पादन कय अनन्त यशक भागी बनू।

जेना स्व० म० म० हरप्रसाद शास्त्री अपना रिपोर्टमेँ कहनेँ छथि, एहि वर्णन-रत्नाकरकेँ काव्यग्रन्थ नहिँ, काव्योपयोगी ग्रन्थ कहि सकैत छी। यदि ज्योतिरीश्वर वास्तवमेँ इच्छापूर्वक काव्यग्रन्थ लिखितथि तँ ग्रन्थक कोनो आने स्वरूप रहितैक; परन्तु वर्णनक अवसर पावि ग्रन्थकारक सहज कवित्व

प्रायः नहिँ मानलकन्हि लाख रोकनऊँ कस्तूरिकामोद जकाँ प्रकटिते भय गेल। स्थल स्थलक वर्णन देखि कादम्बरी प्रभृति संस्कृतगद्यकाव्यक स्मरण भय अबैछ। एहि तरहक उन्नत गद्य साहित्य देखि अनुमान होइछ जे एहि सँ चारि-पांच शय वर्ष पूर्वहिँ मिथिलाभाषामेँ अवश्य साहित्य रचना आरम्भ भय गेल होयत। अनेक अनुच्छिष्ठ उपमाक संग्रह, भाषा उपभाषा भेदक उल्लेख द्वारा भाषाविज्ञानसम्बन्धी अनेक सामग्री, ओहि समयक सामाजिक तथा साहित्यिक विचारक भाण्डार, ओहि समयक वर्णन-शैली इत्यादि विशेषता विशदरूपेँ एहि ग्रन्थमेँ उपलब्ध होइछ।

ग्रन्थक उद्देश्य, जेना म० म० हरप्रसाद शास्त्री ओ श्रीयुत सुनीतिबाबू लिखनेँ छथि, भावी कवि ओ कत्यक लोकनिक निमित्त एकटा पथप्रदर्शक ग्रन्थ बनाएब छलन्हि; यथा, यदि नायकक वर्णन करबाक हो तँ कोन कोन विषयक उल्लेख करब उचित, यदि नायिकाक वर्णन करबाक हो तँ की सभ निरूपण करब आवश्यक। प्राचीन समयमेँ ग्रन्थारम्भमेँ ग्रन्थक उद्देश्य लिखबाक प्रथा प्रायः सर्वत्र छलैक। परन्तु वर्णन-रत्नाकरक आदि भागक अनुपलब्धिमेँ एकर उद्देश्य बुझब कठिन। तखन ग्रन्थमेँ वर्णित विषय सभक नामावलीसँ एकर उद्देश्य किछु बुझबामेँ आबि सकैत अछि।

ग्रन्थ सात कल्लोलमेँ विभाजित अछि। यथा—(१) नगरवर्णन, (२) नायिकावर्णन, (३) आस्थानवर्णन, (४) ऋतुवर्णन, (५) प्रयानकवर्णन, (६) भट्टादिवर्णन, (७) श्मशानवर्णन। यद्यपि रत्नाकर नामक अनुसार साते कल्लोल उपयुक्त, परन्तु आदर्शपुस्तकमेँ सप्तम कल्लोल समाप्त भेलाक बाद अष्ठमो कल्लोलक किछु अंश अछि तेँ फेरि ग्रन्थक खण्डितावस्थाक हेतु किछु स्थिर करब कठिन भय जाइछ।

एहि सात कल्लोलक प्रधान वर्णनक सङ्ग कतोक अप्रधानो वर्णन सन्निविष्ठ अछि। से सभ मिलि वास्तवमेँ वर्णनक हेतु ई ग्रन्थ रत्नाकरे बनि जाइछ। सातो कल्लोल मेँ वर्णित विषयक विवेचन एही सङ्ग अङ्गरेजीमेँ छपल श्रीसुनीतिबाबूक प्रस्तावनामेँ विशद रूपेँ कयल गेल अछि। ओ तदतिरिक्त कोनोँ आलोचना-विवेचना हमरा द्वारा होयब असम्भव, निरर्थक वा पिष्ठपेषणमात्र होयत। हमर एतवो लिखबाक सार्थकता इएह लयकँ भय

सकैछ जे, जे क्यो संस्कृतक विद्वान् अङ्गरेजी नहिँ जनैत छथि तनिकालोकनि एकरा द्वारा ग्रन्थ, ग्रन्थकार, तथा ग्रन्थप्रकाशनक सम्बन्धमेँ किच्छुओ इतिवृत्त बूझि सकताह।

परञ्च एक विषयपर श्रीसुनीतिबाबूक मत मानैत किछु तारतम्य होइछ, ओ से थीक ज्योतिरीश्वरक समय ओ अंशतः हुनक परिचय। ज्योतिरीश्वरक सम्बन्धमें परिचय पयबाक हेतु यथेष्ट साधन उपलब्ध नहिँ होइछ। एखनहुँ धरि हिनक परिचय पयबाक हेतु हिनकहि द्वारा विरचित धूर्तसमागमक कतोक प्रति, जे देश तथा विदेशमें कतेकबेरि छपलो अछि, एकमात्र तन्तु बनल अछि। धूर्तसमागमक लेखसँ ई बुझैत छी जे ज्योतिरीश्वर धीरेश्वरक पुत्र ओ रामेश्वरक पौत्र छलाह, ओ हिनक विद्वत्ता कोनो एक दिशामेँ सीमित नहिँ छलन्हि। दर्शन, साहित्य, सङ्गीत-मेँ हिनक समान अधिकार छलन्हि। उपलब्ध पुस्तक सभमेँ हिनक आश्रयदाताक रूपमेँ वर्णित राजाक नाममेँ पाठभिन्नता अछि। कतोक प्रतिमेँ भेटैछ 'नरसिंह देव' पाठ, ओ कतोकमेँ 'हरसिंह देव' वा 'हरिसिंह देव'। नरसिंह देव कार्णाटवंशीय मिथिलाक राजालोकनिमेँ तृतीय राजा छलाह, ओ हरिसिंह देव छलाह छठम ओ अन्तिम। श्रीयुक्त सुनीतिबाबू 'हरसिंह देव' पाठकेँ ठीक मानैत छथि। हुनक कहब जे ज्योतिरीश्वर हरसिंह देवक समय मेँ, खीष्टीयाब्द १४-म शताब्दी मेँ भेलाह। हुनका मतेँ धूर्तसमागम रचित भेल मिथिला आक्रमणक बाद मुसलमान सभक मिथिला परित्याग करबाक पश्चात्, ओ हुनका ई विश्वास छन्हि जे नरसिंह देवक समयमेँ मिथिला मुसलमानी आक्रमणसँ सर्वथा मुक्त छल यद्यपि मुसलमान लोकनि ओहि समय धरि दक्षिण विहार धरि अपन गतिविस्तार कय चुकल छलाह। परन्तु ज्योतिरीश्वर ठाकुरकेँ हरिसिंह देवक सभासद मानबामें अकाट्य आपत्ति ई अछि जे यदि ज्योतिरीश्वर हरिसिंह देवक सभासद छलाह तखन हुनक नाम "पञ्जी" मेँ किएक नहिँ भेटैत अछि। हरिसिंह देवक सभासद भैयो कय ज्योतिरीश्वरक सदृश सर्वज्ञ पण्डितक नामोल्लेख पञ्जीग्रन्थ मेँ—जे मैथिलक दृष्टिएँ अत्यन्त प्रामाणिक थीक—नहिँ भेलन्हि सहसा विश्वास नहिँ होइछ। एकटा इहो बात

विचारणीय थीक जे ओतेक विषयक सन्निवेश पुस्तककमेँ भेलऊ उत्तर पञ्जी-सम्बन्धक तथा मैथिल-ब्राह्मणक श्रेणी-सम्बन्धक कोनो चर्चा ओहिमेँ नहिँ अछि। विशेषतः ज्योतिरीश्वर ठाकुर अपन बाप-पितामहक नाम देलन्हि अछि, परन्तु मूलग्राम आदिक कोनो प्रकारेँ उल्लेख नहिँ कयलन्हि इत्यादि छिनक हरिसिंह देव सँ प्राचीन होयबाक प्रमाण देखना जाइछ। एहि सभ कारणेँ हमरा जनैत ज्योतिरीश्वरकेँ नरसिंह देवक समसामयिक मानि १३-म शताब्दीक मानब उचित।

जेना हम ऊपर कहनें छी, एहि ग्रन्थक वा एहन अन्यान्य प्राचीन भाषाग्रन्थक विषयमें श्रीयुक्त सुनीतिबाबू विशेषज्ञ थिकाह। अतः एहन पाठक जे एहि ग्रन्थक अध्ययन विषयमेँ पथप्रदर्शन चाहथि वा जे आद्योपान्त ग्रन्थ पढ़बाक पूर्व ओहिमेँ वर्णित विषयक यत्किञ्चित् अवगति करय चाहथि, तनिका अन्यत्र छपल श्रीसुनीति बाबूक प्रस्तावनासँ असीम सहायता भेटतन्हि। हम ओहि सभ विषय पर किछु कहब अनावश्यक मानैत छी। अतएव हम एकटा बात कहि संतोष करब।

मिथिला वा मैथिलक वर्तमान अवस्था ततेक उज्ज्वल नहियोँ रहनैँ, एकर प्राचीन महत्त्वक विषयमेँ ककरा सन्देह भय सकैत छैक? मिथिलाक ओहि प्राचीन महत्त्वक कारण छलैक ओकर सांस्कृतिक उत्कर्ष ओ विद्यानुराग। प्राचीन समयमेँ विद्याचर्चा संस्कृतप्रधान रहनऊँ जखन देशी भाषाक स्पन्दन समय आएल तखन मैथिललोकनि संचेष्ट भय अपना भाषा-मेँ गान बनाय काव्य रचना कय भाषाकेँ क्रमिक पुष्ट ओ सबल करैत गेलाह। मिथिलाक प्राचीन विद्वान्लोकनिकेँ अपना भाषाक प्रति ममता छलन्हि, ई ऊनकालोकनिक रचनाद्वारा अकाट्य रीतिएँ प्रमाणित होइछ।

ई दुःखक विषय थीक जे स्थूल रूपेँ देशी भाषाक आरम्भकाल ११-म शताब्दी मानल जाय तँ ११-म शताब्दी सँ १३-म शताब्दी धरि एहि दू-शय वर्षक कोनो तादृश मिथिलाभाषाक रचना उपलब्ध नहिँ होइछ। हम तत्काल स्व० म० म० हरप्रसाद शास्त्री द्वारा नेपालसँ आनल 'बौद्ध गान ओ दोहा' केँ विचार परिधिसँ बहिर्भूत रखैत छी, कारण जे ओहि रचना पर हमरा मतेँ मैथिलीक प्रबल अधिकार रहनऊँ ओ पण्डितमण्डली

मेँ अद्यापि सर्वमान्य नहिँ भेल अछि। ई अवश्य जे 'डाकवचन' आदि रचना अनुमानतः अत्यन्त प्राचीन कालक थीक। परन्तु ज्योतिरीश्वर विरचित एहि वर्णन-रत्नाकरक पूर्व डाकवचन आदि रचनासँ भिन्न पण्डितरचित अथवा पण्डितगोष्ठीमान्य अन्यान्यो रचना अवश्य भेल होयत, जे सम्प्रति उपलब्ध नहिँ अछि। १३-म शताब्दीसँ पूर्वक रचित ग्रन्थादिक अलाभावस्था-मेँ हमरालोकनिक साहित्यक इतिहास एक तरहेँ एही वर्णन-रत्नाकरकेँ लय आरम्भ होइछ। जाहि ठाम अन्यान्य साहित्यक आरम्भ गीतिकाव्यसँ होइछ, ताहि ठाम हमरा साहित्यक आरम्भ होइछ कही तँ एहि गद्यकाव्य-सँ। एहन हयब असम्भव, परन्तु उपलब्ध साधनक आधारपर तँ इएह कहल जा सकैत अछि।

वर्णन-रत्नाकर सदृश ग्रन्थक महत्त्व आन आन दृष्टिएँ तँ छैके, परन्तु मैथिली साहित्यक विषयमेँ किछुओ ध्यान रखनिहार व्यक्तिक हेतु तँ ई अनिवार्य अछि। एहि ग्रन्थक निर्माण काल थीक १३-म शताब्दी। एहि ग्रन्थक द्वारा हमरालोकनि तत्कालीन मिथिलाक किएक किछु अंशमेँ सम्पूर्ण उत्तरापथक अधिवासीक रहन-सहन वा चालि-चलनक विषयमेँ बहुत किछु जानि सकैत छी। केवल इएह ग्रन्थ पढ़ि ऐतिहासिक बहुत विषयक अवगति कय सकैत छी। एकटा राजाक दिनचर्याक प्रसङ्ग पाबि कवि तत्कालीन समाजक बहुत अङ्गक विशद वर्णन कयलन्हि अछि।

संक्षेपमेँ जाही दृष्टिएँ विचार करी ग्रन्थ महत्त्वपूर्ण अछि। दुःखक विषय थीक जे एखन धरि ई ग्रन्थ अप्रकाशिते राखल रहल ओ विद्वान्-लोकनि एकर पतो धरि नहिँ पओलन्हि। अतएव आइ ई परम आनन्दक विषय थीक जे ई ग्रन्थ प्रकाशित भेल, ओ ई आशा होइछ जे एहि तरहक अन्यभाषा दुर्लभ प्राचीन गद्यकाव्यक पुस्तकक प्रकाशनसँ मैथिल विद्वान्-लोकनिक ध्यान अपना मातृभाषाक सेवाक दिशि आकृष्ट होयतन्हि।

अतःपरहुँ अपरिसीम आनन्दक विषय तँ ई भेल अछि जे विद्यमान मिथिलेश श्रीमान् महाराजाधिराज श्रीकामेश्वर सिंह बहादुर, के० सी० आइ० ई०, एल० एल० डी, डी० लिट् जनिक जन्मोत्सवक उपलक्ष मेँ मिथिला धौत परीक्षामेँ ई प्रस्तावना-लेखक ज्योतिषशास्त्र मेँ सर्वप्रथम भय धौतवस्त्र

ओ पट्टवस्त्रादि पारितोषिक पाबि सम्मानभाजन भेल छल, ओ जनिके पूर्वज मिथिलेश महाराज लोकनिकेँ मिथिलाभाषाक प्रेमी ओ देशक सर्वोत्कृष्ट मानि तत्तत्कालिक संस्कृतवेत्ता विद्वान्लोकनि मैथिली मातृभाषामेँ काव्यनाटकादि रचना कय समर्पण करैत छलाह, ओ एखनहुँ जनिके युक्तिपूर्ण प्रस्तावक सम्मान करैत पटना विश्वविद्यालय मिथिलाभाषाकेँ अपन पाठ्य पुस्तकावलीमेँ समुचित स्थान देबामेँ वाध्य भेल, ताही परमोदार मिथिलेश महाराजक करकमलमेँ ई मिथिलाभाषाग्रन्थ समर्पित भेल अछि। अस्तु—हम उक्त महाराजाधिराजकेँ आन्तरिक शुभाशीर्वाद दय अपन वक्तव्य समाप्त करैत छी। इति शुभम्।

श्रीश्रीकृष्णमिश्रापरनामको
बबुआजी मिश्रः।

कलकत्ता विश्वविद्यालय
महालया, विक्रमसंवत् १९९६।

VARṆA-RATNAKÂRA OF JYOTIRĪŚVARA

MANUSCRIPT IN THE LIBRARY OF THE ROYAL ASIATIC SOCIETY OF BENGAL

(Top) Reproduction of Page 10 (a) and (Below) of Page 77 (b)

॥ श्रीः ॥

॥ वर्णरत्नाकर ॥

॥ श्री ज्योतिरीश्वरठाकुर प्रणीत ॥



... ...

(पु)[१०क] नु कहसन देषु। नागल् · तँगल · तापसि · तँलि · ताति · तिवर · तुरिआ · तुलुक · तुरुकटारुअ · धेओल · धाङ्गल · धाकल · धानुक · धोआर · धुनिआ · धलिकार · डँाव · डो|वटारुअ · खँागि · षगार · हाडि · ढाढि · भल · चण्डार · चमार · गोँण्ठ · गोण्ठि · गोन्ति · गोआर · गावर · ओड · शुण्डि · साव · पञ्चकवार · पटनिञा · परिगह · | चावि · मुण्डवारि · वौन्द · कादव · नागर प्रभृति मन्दजातीय तँ वास · से कहसनाह जन ·। लञ्ज · लगल् · लोभी · लवाल · लपटोर · नंढ · नड़जिह · नै|घुट · नहका · नषद्दय · लम्पाक एवम्विध दशलकार संयुक्ताह। अवर कहसन देषु॥ चोर · चञ्चल् · जुआर · छिनार · लगवार · नेओवसाद्दड · धल|×× ह · पेटकट · नाकट · कनकट · नाकट · मुण्डफोलुअ · नडितोलुअ · निषसन · निसत्त · निकारल · निकिसानए · करिहार · उधखलुअ · अनेक ये असदर्थ अनुचीती ता|[१०ख]कर आश्रय देषु कहसन। दूजर · वेल · वएर · वावुर · वरुण · वकाद्दनि · वङ्का · कातर · से पसार देले देखुह। खुसा · चुसा · फरुही · भुजा · वौचौ · वोवलि · करहल · क्रूर | कातोलि · मेथी · मगरैल · मनद्दचा ·

मद्य · नसुन · पोस्त · पयाजु · सेञोफ · सिधरी · सारक · भेंट[1] · प्रभृति अनेक कुवस्तु कुवाषरक पसार देषु ॥ आओर | कैसन देषु ·। जगा · योगी · नगारि · भरहर · भण्डुआ · चेङ्गा · चतरिआ · सुरतरौआ · महौर · गोरदूआ · वाहिलि · परभा प्रभृति ये अनेक भिषारि तैँ | भरल ॥ पुनु कइसन ·। भेभच · ऊलुक · डाक · डौकौ · डेञुडौ · डमरु · घोन्धसि · मजिरा · कठताल · किदला · चङ्गु · चुटुकुल · वाँसौ · पुहिल · सौङ्गा · वजा | वइतैँ डफिला · डलोरि · विरहा · वेलि · विरह देइ मन्तणा · भिषना · सिरिआदेशइ · ठमरण · चउपइ · चेङ्गा · चाञ्चलि · लोरिक नाचो · नगनौ · मएना · वड़तौ · जि |[2]

... ...

[१३क] सेवा · सोरिसेवा · जोहारि · लेह · देह · तोरह · उठावह · पुनु देह · वरावह प्रभृति अनेक शब्द होइतैँ अछ ·। मम भल मद मरौच ऐसन · इ विचार होइतैँ अछ ·। वड | सग · वडाइत सग · गोसाञिञ · माझिहे · रनाहे · मल्लिकह · सोहनाइत · महामल्लिक · वोनञो · अगुआडौ · गोचरञो · विविध प्रकारक वारह[3]ऊ | राज्यक कहिनौ होइते अछ ·। तदनन्तर वेणि · विरहा · ऊलुक · चुटुकुल · प्रतिगौत · वाद्य · ताल · नृत्य · होइतैँ अछ। लगले मद्ये · गारि कन्दल · ध | रहलि · हरहलि · चोट · उपशम · हास्य · करुणा · आलिङ्गन · प्रणाम · असम्भ्रम · उक्कार · वोकार · वमन · विरेचन · लघ्वौ · भुगत अनेक दुरवस्था देषु। |

॥ ॥ इति कविशेषराचार्य-श्रीज्योतिरौश्वरविरचिते वर्णरत्नाकरे नगरवर्णनो नाम प्रथमः कल्लोलः ॥ ८७ ॥

---

[1] = भेँट: word added above line.

[2] Leaves 11 and 12 missing.

[3] ह added as a correction on top of text.

अथ नायक वर्णना ॥ दृढ़ · दूर · दुष्कर · लम्ब · लक्ष · [१२ख] छिद्र · छड़ | गुणे सम्पूर्ण सूर्यवंश · सोमवंश · दुओ ये धनुर्व्वेद तं कुशल · अञ्जन · गुटिका · पादुका · रस · परस · खड्ग · वेताल · यक्षिणी · आठङ्क ये उपसिद्धि तँ समन्वित । | स्तम्भन · मोहन · वशीकरण · उच्चाटन · मारन · विद्वेषकरण · प्रक्षोभण · आकर्षण · आठओ ये प्राकृतसिद्धि ताक कुशल · । अणिमा · महिमा · गरिमा · | लघिमा · उशित्व · वशित्व · प्राकाम्य · कामावशायिता · आठओ जे महासिद्धि तंक पारग · । शर · शूल · शक्ति · सेल · सव्वन · परिघ · परशु · पाश · | पट्टीश · खङ्ग · भुशुण्डी · भिन्दि·पानादि ये छत्तीस पानायुध[1] ओ दण्डायुध तंक कृताभ्यास · । अश्वशिक्षा · गजशिक्षा · स्त्रीचरित्र · सान्तन · ज्यो|तिष · वैद्यक · चूडामणि · इन्द्रजाल् · आकरज्ञान · रत्नपरीक्षा · तौर्य्यत्रिक · वीणावाद्य · हरमेषला · अश्वबन्ध · गजबन्ध · मृगबन्ध · मीनबन्ध · लीनबन्ध · चट |[2] ... ...
... ...

[१६क] सौनता · दुर्गरक्षा · दुर्गप्रवेश · व्यसन · परीहार · आत्मरक्षा · म[ं]त्रगोपन · राजवश्यता · भृत्यभरण · उपजाप · सेनाप्रचार · देशरक्षा · बलाबलज्ञा[न को]|षसञ्चय · व्युहरचना · व्युहप्रवेश · व्युहभङ्ग · संशय विचारादि चारासिउ ये राजनीति ताक तत्वज्ञ · । दया · दान · दाक्षिण्य · विनय · सेव|न · आहरण · आश्वास · इङ्गितज्ञान · कौशल · सौहृद · उपचार · धर्म्मज्ञता · अनालस्य · साहस · सौवच · सदाचार · सन्तोष · नीति|ज्ञान · सभापाटव · ऊह · आपोह · वितर्क · छिद्रान्वेषणादि वहुत ये

---

1 This word is deleted from text by dots above line.

2 Leaves 14 and 15 missing.

शिष्टधर्म्म तैँ संयुक्त · । सात्विक · सुशील · सत्यसन्ध · सज्जन · | सुजाति · शास्त्रज्ञ · सेवक · सुवेष · शुद्ध · सुन्दर · सानुवन्ध · सुवचन · साचार · सकरुण · तेरहओ ये उपनायक गुण तैँ संपूर्ण शिष्ट देषु ॥ ॥

[१६ख] [अथ नायिका] वर्णना ॥ उज्वल · कोमल · लोहित · सम · सुतल · सालङ्कार · पञ्चगुण संपूर्ण चरण · अकठिन · सुकुमार · गजहस्तप्राय · जानुयुगल · पीन · मांसल · कू|र्म्म-पृष्ठाकार श्रोणी · गम्भीर दक्षिणावर्त्त मण्डलाकृति · नाभि · क्षीण · सुकुमार · वलित · तिनि गुणे समन्वित मुष्टिग्राह्य · वेकण्ड · श्याम स|दृश · सुकुमार · सुश्न · सुवेष · दीर्घ · छओ गुणे संपूर्ण नोमलता । निर्म्मख · निरन्तराय · पीन · कठिन · उत्तुङ्ग · वर्त्तुल · छओगुणे संपूर्ण पयो|धर । विशाल · वलित · विशलताकार · वाँह · सुकुमार · अनुरक्त · निर्म्मल् · ललित · रक्ताशोकपल्लवप्राय · हाथ । तूल · कोमलप्राय ति|नि रेखा समन्विति ग्रीवा · । कोमल · कुटिल · कुण्डलित · कनकाभरणभूषित · कान · । सम · सुपंक्ति · सराग · सुव्यक्त · सदृश · सदीप्त · सुरक्त · सा · × × × × |[1] ... ...

[१८क] खुटी · सिङ्कली · सूता · एकावली · चुलि · वलया · मेषला · त्रिका · पद्मसूत्र · सवन (सरल ?) · कङ्कण · नूपुर प्रभृति अनेक अलङ्कार कएले · कइसनि देषु · ॥ जनि कामदेव संसार जिनि आएल · | तकरि पताका · । जनि एकर रूप देयकैँ इन्द्र सहस्राक्ष भेलाह · ब्रह्माञे चतुर्म्मुख कएहलु · जनि एहि आलिङ्गए लागि एक कृष्ण चतुर्भ्भुज भए गेलाह । | ॥ ॥

---

[1] Leaf 17 missing.

अथ सखीवर्णना॥ पूर्णिमाक चान्द अमृत पूरल अइसन मुह। श्वेत पङ्कजकाँ दल भ्रमर बथिसल अइसन आँखि · काजरक कल्लोल अइ|सन भञुह · गयले फुले नर्म्मदाक शलाका पूजल अइसन घोम्पा · परवाक पल्लव अइसन · अधर · कनिअराक कर अइसन नाक · सीन्दुर मो|ति लोटाएल अइसन दान्त। वेतक साट अइसन वाँह · पारिजातक पल्लव अइसन हाथ · छोलङ्ग छोलल अइसन पयोधर · काँञ्चिवल्ली अइसन आगक (=आङ्क) वान · उड्डरु (=डमरु?)|[१८ख]क माझा अइसन वेकण्ड · काकहक को × × अइसन जाँघ × विकशित स्थलपद्म अइसन चरण · सर्व्वगुण संपूर्ण उपालम्भ · विनोद मण्डन · सङ्गमशिक्षा · वीराभ्यास · छओ ये सखीक|र्म्म तँ कुशल ·। नायिकाक दोसर शरीर अइसन × श्यामाजाति सखी॥ अपरः प्रकारः॥ सहजन्या · चित्रलेखा · घृताची · उर्व्वशी · मेनका · रम्भा · ति|लोत्तमा · देवजानी · इ ये आठओ नायिका अधिकह सेहओ मन्दि होथि जकरे रूपे ·। पुनु कथिसनि नायिका ·। कामदेवक नगर अइसन शरीर | निष्कलङ्क चान्द अइसन मुह · कन्दल खञ्जरीट अइसन लोचन। यमुनाक तरङ्ग अइसन भञुह · साँकरक शलाका अइसन नाक · सोनाक सी|प अइसन कान · अन्धकार-लता अइसनि विरनी · पाकल वि[ं]व अइसन अधर · सहजँ दालिव फुटल अइसन दान्त · कामदेवक पाश अइसन वाह · निलहि(? लोहित) [1]पद्म अ |[2]

... ...

[1] नीतपद्म in proper place, with correction of ी (= ८।) and त to नि and हि below line.

[2] Leaf 19 missing.

[२०क] [ख]ञ्जरीटयुगलप्राय लोचन · वक्र वलित घन · श्यामदीर्घ · कन्दर्पकोदण्डप्राय भ्रूयुगल · चतुरस्र · चतुरङ्गुल · कनकपट्टिका सुन्दर · निराल · सफुर · सरल · सदृश ·| [सि]न्दुर दन्ति(=ण्डि)कालङ्कृत सीमन्त · सुरभि · स्निग्ध · प्रचुर · घन · कुञ्चित · सुकुमार · सूक्ष्म · श्याम · सुसंयत · सकुसुम केशपाश · सुशीला · लज्जावती | × × विलासवती · गौराङ्गी · चन्द्रमुखी · गीतप्रिया · मधुरस्वरा · शिल्पवक्र(ह्व) (=०वती, ०वक्री) · मृदु[1]-भाषिणी · कलावती · कृष्णदेहा · चित्रवसना · अङ्गरागवती · व्रीलायुता · सर्व्वा|[ङ्ग]संपूर्ण चित्रीणी जाति नायिका ॥ ॥ अपरः प्रकारः ॥ स्वर्ग·मर्त्य·पातालक सौन्दर्य एकजाति नायिका वडे प्रणिधाने विधाताऊँ नायक स| × × एकँ अपूर्व्व विश्वकर्म्माञँ निर्म्मउलि याक मुखक शोभा देषि पद्मेँ जलप्रवेश कएल · आँषिक शोभा देषि हरिण वण गेल · केशक शोभा देषि चमरी प|[२०ख] [लायन कए] ल · दाँतक शोभा देषि तालिवेँ हृदय वीदीर्ण कएल · अधरक शोभा देषि प्रवाल द्विपान्तर गेल · काँनक शोभा देषि वौद्ध ध्यानस्थित भेल · कण्ठक शो|[भा दे]षि कम्बु समद्रप्रवेश कएल · स्तनक शोभा देषि चक्रवाक उकन्न भेल ·। थाऊँयुगलक[2] शोभा देषि पञुक नाल पङ्कनिमग्न भेल · हाथक शोभा देषि| × × × क पल्लव ग्रस्त (? त्रस्त) भेल · जंघयुगलक शोभा देषि कदलीँ विपरीतगति कद्दलि · चरणक शोभा देषि स्थलकमलँ निकुञ्ज आश्रय कएल · एवम्विध रना| × × × संयुक्ति त्रिभूवनमोहिनी देषु ॥ अपरः प्रकारः ॥ कन्दलित तारुण्य · अपगत वाल्य · उद्भूत अभिलाष ·

---

[1] दु added as a correction on top of text.

[2] युगल added as a correction.

अपगति लज्जा · जागरूक भाव · अङ्कुरित | × × × एवम्विध नायिका ·। कुण्डल दुइ रत्नमण्डित त(क)रँा कान कइसन देषु ·। जनि कामदेवकँा रथँ चक्रदुइ जोल्ल अछ · सोनाक डोरँ मध्यभाग वँाधल कइ|[२१क]सन · देषु ·। जनि सौन्दर्यक तुलापुरुष काछल वँान्धल अछ · विचित्राम्बरक फुरुङरा कइसन देषु · जनि काञ्चनगिरिकँा श्टङ्ग मयूर नचइतँ अछ · नूपुर दुइ शब्दा|यमान ताकँा कइसन देषु · जनि त्रिभूवनमोहिनी मन्त्र जपइतँ अछ। शोभा · विलास · भाव · हाव · गीत · नृत्य · वाद्य · विनय · शील · आवर्ज्जन · पेश|लता · रूपातिशय · लज्जा · त्रयोदशगुणे संयुक्ति भद्राजाति नायिका देषु ॥

॥ ⁝ इति श्री कविशेषराचार्य ज्योतिरीश्वरविरचिते वर्णरत्नाक|रो [०रे नायिका वर्णनानाम] नाम द्वितीयः कल्लोलः ⁝ ॥[1]

अथ नायिका हास्यवर्णना ॥ कुमुद · कुन्द · कदम्ब · कास · भास · कैलास · कर्प्पूर · पीयूषक कानि (=कान्ति) प्रसारीसन · चीर[2] समुद्रक दक्षिणानिले चालल तरङ्ग सन[3] क लहरी अइसन · अमृतक सरोवर तरङ्गक सहोदर सन · शरतक पूर्णिमाचान्दक ज्योत्स्ना अइसन · अभिन|[२१ख]व प्रकाशित कमल कोष प्रसारि शोभा सन · कन्दर्प्पक दर्प्पप्रकासन सन · त्रैलोक्यक नागरजन युवजन हृदयमोहन मन्त्रसन · स्वेद · स्तम्भ · रोमाञ्च · स्वरभङ्ग · कम्प · वैवर्ण्य | अश्रु· प्रलय इ ये आठओ सात्विक भाव ताक भण्डार सन · संयमित योगिजनक मननिधान सन · मादन · उन्मादन · प्रक्षोभन ·

---

[1] This colophon is extra, noted in MS. by ⁝ marks before and after.

[2] An extra र here by mistake, deleted by top-dots.

[3] सन deleted by top-dots.

संयोजन · सम्मोहन · इ ये | कन्दर्प्पक पाँचओ वाणगुण ताक सन्धानशक्ति सन · मोहनता · प्रकाशिता · वसिता · उत्साहिता · एवम्विध रस प्रकाशयिते त्रैलोक्यओ वश करइतँ | नाय (=नायिका) जनह(ा)स्ओ संचारइतँ देषु ॥

॥ इति कविशेषराचार्य श्रीज्योति(री)श्वरविरचिते वर्ण्णरत्नाकरे नायिकावर्ण्णनो नाम द्वितीयः कल्लोलः ॥ | ॥ ८७ ॥

अथ स्थानवर्ण्णना ॥ भूपाल · मण्डली[1]क · सामन्त · सेनापति · वैशिक · राजपुत्र · राजशिष्ट · वउलिआ · पुरपति · सेवक · परिचारक · आज्ञापाल · धर्म्मशिष्ट प्रभृ[२२क]ति अनेक लोकमण्डित स्थान देषु । तंकाँ मध्य सिंहासनावस्थित सर्व्वगुणसंपूर्ण्ण राजा देषु ·। अनन्तर लान(=लाल) · चोल · डाहाल · चौहान · नेपाल · गौन (=गौल) · भोट · कार्ण्णाट ओ | हट्ट · वीरकोङ्कण · कामरूप · उत्कल · सिंहल · मालव · मरार · गुज्जर · मल्लिवार · महारट्ठ · जरासिन्ध · अयोध्या · मगध · वेशनावर · प्रभृति ये अनेक राष्ट्रक | राजा तन्हिक शिष्ट · सेवाँ वइसल छथि · साधु · स्वाध्यायिक सानुवाह · यशवाहन · सुवुधि · सएआन · सारथ · सिंहल · मालकार · गन्धवनिक · रत्नपरीक्षक | वेलवार · वामन प्रभृति अनेक वनिकपुत्र यँ वइसल छथि · पुनु कइसन · राजकुमार · शिष्टपुत्र · ओत्रियपुत्र · अश्ववाहक · गजवाहक · महराज · द्वारिक · दश | न्धुधि · पनिहार (=पलिहार) · अधक · अगहरा · रौतपति · प्रतीहार प्रभृति अनेक राजोपजीवक लोक तँ मण्डित स्थान देषु ॥ अपरः प्रकारः ॥ मन्त्री · पुरोहित · धर्म्माधिकरणि | [२२ख] सान्धि-विग्रहिक · महामहत्तक · सेनापति · युवराज · नायक · प्रतिवल · करणाध्यक्ष · शान्तिकरणिक · स्थानान्तरिक · राजगुरु · राजवल्लभ ·

---

[1] ली as a correction noted below.

स्वर्गीवित्त · अहिकारिक · नैवन्धिक · आक्षपट|लिक · खड्गग्राह · प्रमत्तवार · विश्वास · पुष्पभट्ट · शयनपाल · अन्तरङ्ग · अङ्गरक्षक · आग्रजाणिक · सांवत्सर · अश्ववाहक · हस्तिपक · क्रीड़क · नर्म्मशचिव · दण्डपान दु|र्गपाल · आज्ञापाल · गुढपुरुष · प्रणिधि · वार्त्तिक · सूपकार · सुपकारपति · सम्वाहक · प्रसाधक · वण्ट · गरिष्ठ · वलिष्ठ · नर्त्तक · गायन · राजजीवक · कुहक · कुशील(व) · वञ्चक · भावक प्रभृति अनेक लोक तँ संकुल स्थान देषु॥ यं स्थान श्रोत्रिय · आध्यायिक · मौहूर्त्तिक · मणिमर्म्मज्ञ · सारणकुशल · गन्धकार · क्षुरिका|र · मल्ल · आम्नायिक · ऐन्द्रजालिक · भाषाविद् · लिपिवाचक · श्रुतिधर · महाकवि · शास्त्रज्ञ · विषवैद्य · नरवैद्य · गजवैद्य · अश्ववैद्य · चूडामणि · कुतूहली · क्षुरिकार · भार्गव · जो|[२३क]ध · वयकार · वादनिक प्रभृति अनेक राजविनोदक लोक देषुअह ·। तं काँ मध्य सर्व्वगुणसम्पूर्ण सर्व्वकलापरीक्षक सर्व्वविधकऐश्वर्य्य सवविसर कएने राजा देषुअह|॥ अपरः प्रकारः॥ स्फटिकक भूमि · कर्प्पूरक कञ्चुसिस · सोनाकपगारी · मञ्जूरुषी काचक चनवा · श्रीखण्डक स्तम्भ · मरकत|क| शीर · गौमेदक भवन · वेकण्ठज धरणि · चन्दक वात · अगरक मुहश्रोत · कस्तूरीक वडरा · मुक्ताक वोह · चतुःसमक विलेपन · पद्मरागक कलश · एवं सर्व्वगुण सम्पूर्ण आस्थानमण्डप देषु। तं काँ भीतर रूपँ कन्दर्प्प · दाने वलि · परोपकारें जीमूतवाहन · सत्यें युधिष्ठिर · शौर्य्यं परशुराम · आज्ञाञे लङ्केश्वर ·| अहङ्कारे दुर्य्योधन · विलासँ गोपाल · मर्य्यादाञे महोदधि · गुरुताञे सुमेरु · ऐश्वर्य्यें महादेव · एवंविध सर्व्वगुणसंयुक्त सर्व्वकलाकुशल नायक देषु। [२३ख] अनन्तर महय · मुदहय · महसाहनि · महसुआर · महल · अखउलि · अहिँकारी · आसनउधि · अङ्गिमानि · अङ्गरषक · सन्दगहि · सुरवए · सन्तिकाल · सेनगाह · सेजवार ·| पनहरि ·

पनिहरि · पुरोहित · पनिहार · पञोतार · पुरवइ · राजवल्लभ · राजपण्डित · स्थानन्तरिक · फुलकूट · नेउधि · विश्वास · धर्माधि-करणिक · | भण्डारी · भट्टवलाधक · प्रभृति अनेक[1] ये छत्तीसञो पदिक तँ अलङ्कृत ·। गोआर · वारि · वारिक · वउरिआ · कनवार · सुखिआ · वरिठा · चोरगा|ह अगहरा · प्रभृति अनेक स[2] राजसन्निधानवर्त्ती लोक देषु यं आस्थान ॥ ॥ अपरः प्रकारः । राजाकाँ सर्व्वावसर भेलाँ आस्थान कइसन देषु · ॥ राजा · शिष्ट · पदिक · शिष्टपुत्र · ओत्रियपुत्र · पदिकपुत्र · वेदज्ञ · वैद्य · वैदेशिक · वार्त्तिक · वक्ता · व्यसनी · व्यावहारिक · विद्यामन्त · वादी · व्युहपति · वन्दीजन|[२४क]वाहक · मान्य · मानज्ञ · मौहूर्त्तीक · मिश्र · मेधावी · मण्डलिक · मल्ल · महामल्ल · मुखर · मोहक · मित्र · महाजन · मनस्वी · पण्डित · पाठक · परम्परिण · पेशल · परमा|न्वित · प्रवन्धक · पदाति · याज्ञिक · योध · युवराज · याङ्गलिक · जनकार · जयवादी · भरतज्ञ · भोजनकुशल · सभाकुशल · वन्धकुशल · कवि · सुकवि | सत्कवि · महाकवि · कुमर · कुतूहली · कण्टकीया · केवारी · कर्मस्थानी · कथक · कायस्थ · गावर · गायन · वंशगायन · वीणागायन · नट नर्त्तक · नीति|ज्ञ · नायक · नागरादि · अनेक राजपादोपजिवक लोक देषुअह · यं आस्थान · पुनु कइसन ·। हीर · मणि · मानिक · मुकुता · सुवर्ण · रजत | दिव्याम्बर · तँ विचित्रित · लोक तँ मण्डित आस्थान से कृष्णपक्षक आकाशसन देषु । आँचर · चामर · कनकदण्ड · शुभशब्द · जयशब्द · सिंहासन · सुखासनन[3] | [२४ख] ओरग · ओरगओट

---

[1] अनेक deleted in MS. by dots on top.

[2] स deleted by means of top-dots.

[3] Second न to complete the line.

प्रभृति ये अनेक राजप्रक्रिया तेँ आस्थान भीतर दूतर लोक सओ व्यावृत्त राजा बुझिय जँ आस्थान ॥

॥ अथ स(म)रहर वर्णना ॥ शौर · भरण · मोरवा · आकन | मावन · कुम्भी · कोनात · पटिआ · गाचवेढ़ प्रभृति ये अनेक दारु विन्यास तें निर्मंडलि ते[र]ह हाथ दीर्घ नव हाथ फाण्ड अपूर्व्व विश्वकर्म्माञे निर्म्मउलि स्वर्ग|नारि वइसलि चौपालि एक। याक चारिउ · भौति कस्तूरी · कर्प्पूर · कुकुम · अगर · चन्दन · यावाद · मायाग्रिर · पानीर · आठओ ये गन्धद्रव्य तकर जे पङ्क तेँ | माण्डलिछ भीतर भूमि चतुःसमे अनुलेपलि अछ · तकाँ उपर सफुर वैँताऊ षाट चुललि · वेङ्गरा नेतक माण्डलि पटिआ[1] एक वियरु · तकराँ उपर|पलिके असदरे · सोनपलिकेँ मनिकउटीँ तेँ अलङ्कृत सफुर · गादि एक आनि उपनीत करु · सफुरदार वासनिक अँचरा एक परिहि · समरहर करावए|[२५क] वइसुअह · तदनन्तर माषतैल · षट तक्र · छागलादि · नारायण · वडनारायण · मध्यम-नारायण · केतक्यादि · सुगन्ध एलातैल · महासुगन्ध प्रभृति तैल · कँचोरा दुइ | आनि उपनीत करु · सौन्दू गौदू · किरतू · कान्हू · प्रभृति जन चारि मरदनिआ उपनीत भउ। छलकर · हथ-डोरक · एकहथा · दोहथा · मुहवल · कुनुप|कोम्पल · माण्डी · मण्डि-आऊ · आउपाशौस · सगुनुम · पाटिस · मालकला · वाऊवल · समहथ प्रभृति · जे अनेक विदान उठि वैसि सुप्ते पद्मासने आङ्गे | आङ्ग · आगु · पाछु · चोषि प्रभृति छत्तीसओ ये विदानक बहुत रौउ सान्धिवान्धक उपदर्श नापितेँ करु। सुरारिमत · [2]चालुरमत · कानौर · कौतुकिआ [3]× |उधिआन चारिङ्ग ·

---

[1] आ added below the line. [2] =चागुरमत

[3] One letter cut out at the end of this line.

मतकाह सुसिञ्चितह मन उचारि काछि|रङ्ग समरहर करइ पइसु-अह · अनेक वन्ध प्रवन्ध तैँ आङ्ग मर्दिहलु · दवला · विदला विषे [1]× × (क)| · [२५ख] प्पूरा वासल उवटने उवटिहलु · तदनन्तर गङ्गा · यमुना · नर्म्मदा · सरस्वती · गोदावरी · तमसा · ताम्रपर्णी · गोमती · वितस्ता · कौशिकी · वाग्वती · कावेरी द्वादशओ जे पुण्य(तो)|या नदी अथिकह तकरैँ जे पानी सुवर्णक कलशे आनी सोनाक तमकुण्ड करु · चन्द(न)क चौका नायक वइसु · तमारु एक · पउआ दुइ उपस्थित सेव[कैँ] | करु · तत कए स्नान कराउ · अङ्गक पानि सफुर अँचरा एक तैँ उपनहि[2] हलु · पट्टम्वर धोती · उत्तरीयपट · आदर्श आनि उपनीत करु · देवनाथ|कैँ वस्त्र परिङ्क वित्पन्नि साँची करु · आदर्श लए चतुःसमे तिलक करु · ॥

॥ अथ देओरहलि वर्णना ॥ चौका · चौकी · पीढ़ी · पटा · झारी · पनिगह · षलइठि · तेआए · आसन · आसनओट · गडुआ · धूपहल · देवी · थारी · टाठी · तमउति · तमकुण्ड · तमकुण्डी · कमण्डलु · घाँटी · चामर · ताम्बी · अर्घा · पूला · तिलपइती · आ|[3]

... ...

... ...

[२८क] जन आरहल · । तदनन्तर श(र)तक चान्द पृथ्वीतल षसल अइसन आकार · कँचा कर्प्पूरक शीली अइसन कँठ · जनि पद्मिनीक पच दक्षिणावर्त्त शङ्ख सुताओल ऐसन केओ[4]व · | जनि अम्रतक

---

[1] Two akṣaras wanting—leaf damaged here.

[2] A stroke like the letter ए after उपनहि completing half-line.

[3] Leaves 26 and 27 missing.

[4] ओ deleted by top-dots.

सरोवर सञो पङ्क उद्धरि आनल अछ अइसन ये दधि उपनीत कर ।
तदनन्तर चलक · चाउल · चीकन · चमत्कारी · जुठ · मी|ठ ·
सोन्धं · आप्यायक आठक्र गुणे सम्पूर्ण ये दूध से आनि उपनीत कर
आनी ता पाके षिरओला · खिरिसा · खडनी · खण्डउति ·
झिलिआ · । |मेतिआ · फेना · फिनी · अमृतकुण्डी · मुगवा ·
माठ · सरुआरी · नड़िवी फेना प्रभृति पकान्न आनि उपनीत
कर । यं यं वस्तुक अधिक आकां|चा भेल से सावशेषि विनि-
योगल · । शेष दुग्ध साकर पान कएल · जेओनार निर्व्वहल ।
हथहला कए पानी नारी उपनीत कर · आचमन कर · चतुःसम|
[२८ख] लए हथ माण्डु · मुह पषाल(ल) · खलिका देल · शुद्धाचमन
भेल · ताम्बुल (ल)ए देल · से कइसन ताम्बुल रूपाक सौप दुवे चुम्बा-
ओल अइसन आकार · आषाढक क्षणीक काटल वी|र · पतरल
झोल · मुक्ताक चून · सिन्धुक कङ्कोला · औहट्टक एला · सिंहलद्विपक
जातीफल · काञ्चीक मुखसेन · मलय पाञ्चौरक भीमसेन कर्प्पूर · |
[1]लषनावतीक सरसा पूग | तिरहुतिक साहर · एकरेँ संयोगें
ल(गा)ओल[2] पञ्चफल संयुक्त · कटु · तिक्त · कषाय · क्षार · उष्ण ·
[3]मधु · मुखशोभक · सुरस · स्वादु · सरस सन्दीपक · कामा|ग्निक ·
सम्मानक · पवित्र · तेरह गुण सम्पूर्ण · देवराजभोग्य देले पाविअ ·
स्वर्गदुर्लभ अइसन पान · सुवर्णक सराइ ए|कँ कऐ आगाँ धएल ·
ना|यकँ पान लए मु(ख)शुद्धि कएल ॥

---

[1] This and the following two words added at top of text, with reference to line 2.

[2] MS. = लाओल.

[3] मधु deleted with dots on top.

॥ अथ शयनवर्णना ॥ सफुर चित्रशाली एक देवराजगृह ततसमान · तकराँ[1] भीतर हाथिक दान्तक पवा · मानिकक पासि · मर ‖ [२९क]कतक शिरवा · सोनाक पटा · स्फटिक · दण्डा · पद्मरागक दण्डिया · अङ्गुठ हाथ दीर्घ · अढाय हाथ फाण्ड · सेजओट एक पालु · तकाँ उपर कम्बल चारि · सकलात पाञ्च · खरल|दश · पली कोली · स्निग्ध खटक धुञ्जाक आह · अदूसन मझओतरि उनच एक पालु · नेतक माण्डल गेण्डुआ एक · सफुर विराल एक · चारिहु कोन वा|न्धल[2] चँदोआ माड़ल ऊपरँ देल अछ · कप्पूरगुण्डी तँ घालल अछ · करक मुसरी एक ता चालइतेँ अछ · तकरँ खेहँ भरइ अछ · खण्ड एक · छुरी| एक · चतुःसमक सीप एक · वाजीकरण सम्भृति लइ उपनीत कदलि अछ नायक योग्य पञ्चफल-संयुक्त · सुरभि · शीतल · श्वेत · मोट · विचिचित ता|म्बुलपात्र एक · पानी भृङ्गार एक · सोनाक · सुभव्य · रत्ने षचित · जलसहिति झारी एक · सेजकाँ · समीप उपगति कदलि अछ · मालती · मन-ओदा · लेवारि | [२९ख] करुण · सुवर्णकेतकी · चम्पक प्रभृति अनेक सुरभि पूष्प से उपगत कएल अछ · प्रतिष्ठित · आप्त · परम्परीण · विश्वासयोग्य ये · गोआर · कोइरि · कु|लुवि · रजक प्रभृति जनदश · नओवति नियुक्त भेल अछ · नाउ जनदुइ पएर सम्हाहन करइतेँ अछ · परिचारिका दुइ पान कप्पूर लए हाथ देइते अछ · योगनिद्राञे शयन भेल अछ ॥

॥ अथ प्रभातवर्णना ॥ देवक · आयतन पञ्चशब्द वाजु · वाजँ · दण्ड पल घली· ञे प्र(भा)तज्ञान क|राओल · गजराजँ शब्द करु · वायसन्हि कोलाहल करु · नक्षत्र तिरोहित भेल · चान्द म्लान भेलाह ·

---

[1] क added below the line.

[2] Text=वान्धिल, with ि deleted by dots.

पूर्व्वदीश [1]अरुलित भेल · भमर पुष्पोद्देशेँ | चलल · वेदज्ञजने वेदध्वनि आरहल · कुलस्त्री सलज्ज भेलि · घट वान्हि जलाशय आरहल · वन्दीजनन्हि [2]जयशब्द कर · ओहदयितेँ ओहदा अवलोक| [२०क]ल · पथिकजने · मार्गानुसन्धान कएल · नायकेँ इष्टदेवता-स्मरण कर · शुभोत्थान कर · ॥

॥ अथ मध्यान्हवर्ण्णना ॥ ग्रीष्मस्य विशेषात् ॥ दशओ दिश| मृगतृष्णाञे कवलित भए गेलि छ · किटाएल नियोगी अइसन आदित्य भए गेल छथि · वुसक अग्नि अइसनी [3]उष्ण धुनि धरनी भए गेलि अछ · दरिद्री|क हृदय अइसनि संतप्त पृथ्वी भेलि अछ . उन्मूलल विपच्च अ(इ)सन जलाशये भए गेल छ · पथिकन्हि पथसञ्चार त्यजिहलु · श्वापद|न्हि छाया आश्रये कर · युवतिन्हि जलकेलि आरऊ · ब्राह्मणे मध्याह्न आरऊ · दिनक दीर्घता · रात्रिक संकोच · पृथ्वी(क) कर्क्कशता · रौ|द्रक तीक्ष्णता · चातकक तृषा · जलाशयक दारिद्रता · दावानलक प्रचण्डता · पर्व्वतक सङ्कोच · असंतुष्टि तृषा · उष्मक वाऊल्य · पवनक वाञ्छा · शीतक उत्कण्ठा | [२०ख] एवम्विध ग्रीष्मसमयक मध्याह्न देषु ॥

॥ अथ संध्यावर्ण्णना ॥ आदित्य संसारक चिन्ताकइ अस्ताचल गइ अपगत भउअह · भ्रमरन्हि पद्म त्यजल · जनि | आकाश अंधकार करीआ भउ · आदित्यकेँ भञे · नुकाएल अन्धकार अछ से मिलित भउ · तदनन्तर भउ कइसन · धुमक सम्भार · गोक | सञ्चार · चटकक कोलाहल · नक्षत्रक उद्गम · दीपक उद्योत ·

---

[1] = अरुणित.

[2] MS. च्छ for ब्द

[3] उष्ण धुनि added at the top of the text; धरनी in MS. deleted by dots.

श्रोत्रियान्हिक प्रणायाम · नवोढाकइ विरति · प्रौढाक हरष · पङ्क|ज(क) सङ्कोच · भ्रमरक उपशम · पथिकक विश्राम · खद्योतन्हिक तरङ्ग · कौशिकक सञ्चार · गोमायुक वोल · युवतिन्हिक उत्कण्ठा · यु|वजनक अभिलाष · भोगीजनक द्वितीय भोजनक उद्यम · गोमायुक शब्द · नक्षोवतिक सम्पूर्णता प्रभृति सन्ध्या देषु ॥

॥ अथ वर्षारात्रिवर्णना ॥ [२१क] काजरक भीति तेलेँ सिचलि अइसनि रात्रि · पक्वेँवाकाँ वेगे काजरक मोँट फुजल अइसन मेघ · निविल मांसल अन्धकार देषु · मेघपुरित आकाश भ|ए गेल अछ · विद्युल्लताक तरङ्ग तेँ पथदिशज्ञान होँते अछ · लोचनक व्यापार निष्फल होइतेँ छ · यं रात्रि पातक शब्दें तरुज्ञान · | दर्द्दुर[1]क शब्दे जलाशयज्ञान · चटकक शब्दे वनज्ञान · झिकरु[2]आक शब्दे पृथ्वीज्ञान · मेघक शब्दे आकाशज्ञान · मनुष्यक श|ब्दे गृहज्ञान · अग्निक द्योतेँ पुरज्ञान · चरणक शब्दे पथज्ञान · वचनक शब्दे परापर-ज्ञान · विज्ञ[3]जनक दिगभ्रम जं रात्रि ॥ श्लोकस्तु ॥

स्फुरदभिन(व)रागा प्रोल्लसत्तारहारा
 वदनकमललक्ष्मीर्निर्ज्जिता[4]म्भोजलक्ष्मी(:) ।
वन(=नव)जलधरनीला विद्युदुन्मेषदृष्टि-
 र्ज्जनयतु तव सौ|ख्यं [२१ख] यामिनी कामिनीव ॥

॥ अथान्धकारवर्णना ॥ पाताल अइसन दुःप्रवेश · स्त्रीक चरित्र अइसन्दंच [=अइसन् दुर्लच्य] · कालिन्दीक कल्लोल अइसन मांसल · काजरक पर्व्वत अइसन निविल · पाप|क सहोदर अइसन · शरीर · आतङ्कक नगर अइसन भयानक · कुमन्त्र अइसन निफल · अज्ञान

---

[1] दर्द्दुरज्ञक in MS., with ज्ञ deleted by dots.

[2] After रु, a sign like ए to complete the half-line.

[3] विज्ञनजन, with first न deleted in MS.

[4] MS. निर्ज्जिताभोज for निर्ज्जिताम्भोज

अइसन सम्मोहक · मन अइसन सर्व्वतोगामी · अहङ्कार | अइसन उन्नत · परद्रोह अइसन अभव्य · पाप अइसन मलिन · एवम्विध अतिव्यापक · दुःसञ्चर · दृष्टिवन्धक · भयानक · गम्भीर · शुचिभेद · अन्धकार दे|षु · मेघ · महिष · मधुकर · तमाल · काकोल · कोकिला · कोल · कज्जल · केश · कृष्णसार · कुवलय · कालिन्दी · कालिकादि ये अनेक द्रव्य अधिकह त|न्हिक रजनी मूर्त्तिमन्त समवाय · थं अन्धकार अभिसारिकाक सञ्चार · चौरक व्यापार · शिवाक फेत्कार · राक्षसक क्रीडा · डाकिनीक लीला · भीरुजनक मनोभङ्ग[1] · सा[२ २ क]त्विकक आसङ्ग · ले(=लो)चनक अभाव · दुर्ज्जक प्रभाव · एवम्विध गुणविशिष्ट तेज पिवइतेँ[2] · दिश षसइतेँ · आकाश करइतेँ · प्रत्यक्ष मूर्त्तिमन्त भट ताक पक्ष स्थापइतेँ · दश|द्रव्य अइसन दुर्गम्य अन्धकार देषु ॥

॥ अथ चन्द्रमावर्णना ॥ निशाक नाइकाक शङ्खवलय अइसन आकाश · दीक्षित(क) कमण्डलु[3] अइसन · चन्द्रकान्तक प्र|भा अइसन · तारकाक सार्थवाह अइसन · शृङ्गार समुद्रक कल्लोल् अइसन · कुमुदवनक प्राण अइसन · पश्चिमाचलक तिलक अइसन · अन्धकार|क मुक्तिक्षेत्र अइसन · कन्दर्पनरेन्द्रक यश अइसन · लोक लोचनक रसायन अइसन · एवम्विध चन्द्र उदित भउअह ॥ पुनु कइसन ॥ दिश हंसाव|इतेँ · कुमुदाकर विकसवइतेँ · मानीनीक मानग्रन्थि फुजवइतेँ · अन्धकार निर्व्वासइतेँ · विरहिणी सन्तापइतेँ · जामिनी प्रकाशइतेँ · अभिसारिका निर्व्वास[२ २ ख]इतेँ · यामिनी प्रकाशयितेँ · एवम्विध चन्द्रमा उदित भउअह ॥ पुनु

---

[1] In MS. there is an extra म—भीरुजनकममनोभंग.

[2] MS. पिपइते, second प corrected व above line.

[3] MS. = दीक्षितकमण्डन.

कइसन ॥ हरवल्लभा · मनोहरा · प्रभावती · मोहिनी · मोहिता · नालिता[1] · उन्नता · भद्रा · भद्रतरा · हरिणी · हंस|मानिनी · तरङ्गिनी · नन्दा · सुनन्दा · प्रतिमा · गजदन्ता एवम्विध षोडशकला सम्पूर्ण चान्द्र उदित भउ ॥ श्लोकस्तु ॥

जीवातु[2]र्मिनकेतोर्विजयदमरधुनी पू|रडिण्डीरपिण्डः
× × सम्भोगदीपः कुमुदकुवनपतिन्तारकासार्थवाह[3] ।
वेलाश्टङ्गारसिन्धोरभिनव[4]रजनीनायिकादण्डपत्रं
देवः पीयूषरोचिः क्रमवलि|तकरः · पश्चिमद्रेरुदेति[5] ॥

॥ अथ मेघवर्णना ॥ छयान्नवए कोटि मेघका मध्य प्रसारी · श्याम · सजल[6] · सविद्युत · सगर्ज्ज · निविल · भयानक · सञ्चार | शुन्य से मेघ देषु ॥ पुनु कइसन ॥ इन्द्रनीलक प्रतिविम्ब अइस(न) · काजरक पथार अइसन · निशाक निलाम्बर अइसन · कालगिरिक शिषर अइसन · द्रोणपर्व्व उक्त घ[३ ३ क]टोत्कच अइसन · गगनमण्ड(ल)क तमाल अइसन · अखलु कइसन · पृथ्वीकाँ नील विमान उगल अछ · एवम्विध ये मेघ ते आछादित रात्रि भअइ गउ ॥

इति कविशेषराचार्य श्रीज्योति(री)श्वरविरचिते वर्णरत्नाकरे
आस्थानवर्णनो नाम तृतीयः कल्लोलः ॥

॥ अथ वसन्तवर्णना ॥ वृक्षक नूतनता · | पल्लवक उद्गम · कुसुदक सम्भार · मलयानिलक वेग · कोकिलाक कलरव · भ्रमरक झङ्कार · कन्दर्पक प्रभाव · विरहिनीक उत्कण्ठा · ना|यकक हरष ·

---

[1] = लालिता or ललिता ?

[2] = मीनकेतोर्वियदमर... —the ज deleted by top-dots.

[3] = श्यामा(?) सम्भोगदीपः कुमुदकुलपतिस्तारकासार्थवाहः ।

[4] MS. = ०भीनव.

[5] = पश्चिमाद्रेरुदेति. [6] MS. = सज्जन.

नायिकाक अभिलाष · दिनकरक रम्यता · शिशि(र)क अपगम · मधु(क)रक समृद्धि · पुष्पक सौरभ · पवनक आकांक्षा । एवम्वि(ध)गुणविशिष्ट वसन्त देषु ॥

॥ अथ ग्रीष्मवर्ण्णना ॥ पाडरिक सौरभ · वेलक पाक · जलाशयक सङ्कोच · दिनकरक महत्त्व · [1]रात्रिकइ क्षी[२३ख]णता · शीतक अभिलाष · वस्त्रक विरक्ति · पङ्कजक प्रकाश · शीतलजलक इच्छा · भूमि(क) कर्क्कशता · आदित्यक प्रचण्डता · धुलिक समूह · झंझानिलक वेग · छ(ा)याक मनोहरता · शृङ्गार|क विरति · उष्मक समृद्धि · वारिभक्तक भक्षण · विरहीक सङ्कोच · शीतोपचारक प्रीति · गृहान्तशयनत्याग · एवम्विध सर्व्वगुणसम्पूर्ण्ण ग्रीष्म देषु ॥

॥ अथ वर्षा|वर्ण्णना ॥ मेघक गर्ज्ज · आकाशक मेचकता · विद्युल्लताक तरङ्ग · कदम्बक सौरभ · विषधरक सञ्चार · दर्द्दुरक कोलाहल · धाराक संपात · अ(ा)दित्यक तु|च्छता · पृथ्वीक सौहित्य · कर्द्दमक संभार · औषधीक उपचय · नदीक समृद्धि · विरहीक उत्कण्ठा · यतीक चतुर्म्मास्या · पथिकक दुःसञ्चार · अगम्य तीर्थ · वैदे|शिकक विलम्ब · कन्दर्प्पक प्रेमाधिक · युवतीक सौहृद्य एवम्विध सर्व्वगुणसम्पूर्ण्ण व(ॅ)षा देषु ॥

॥ अथ शरद्वर्ण्णना ॥ मेघक पाण्डरता · चादक[2] निर्म्मलता · हंसक [२४क] पङ्क्ति · नारक(=नीरक) प्रसन्नता · सफरी(क) तरङ्ग · काशक कुसुम · कुमुदक प्रकाश · पङ्कक शोष · शालिक नम्रता · रौद्रक तीक्ष्णता · पथिकक · सञ्चार · नरपतिक उत्साह · प्रयाणक उद्योग · पद्म|नालक उद्गम · मत्सक विनाश · चक्रवाकक मेलि ·

---

[1] Extra इ in MS.

[2] = चान्दक.

जलक क्षय · आकाशक निर्म्मलता · एवम्विध अनुष्णता शीतस्वभाव शरत देषु ॥

॥ अथ हेमन्तवर्ण्णना ॥ दमना|क मञ्जरी · शालिक परिमल · द्रव्यक नूतनता · कोषक माधुर्य · नव अन्नक प्रचार · वस्त्रक विनियोग · दिवस लघुत्व · आदित्यक कोमलता · स्वभावशीतल जल · पाठयोग्य | रात्रि · भक्षणक सौकर्य · शीतक वाहुल्य · अवसन्नि नलिनी · पुष्पक स्वल्पता · एवम्विध सर्व्वगुणसंपूर्ण हेमन्त देषु ॥

॥ अथ शिशिरवर्ण्णना ॥ सूर्यक दक्षिण गति · तुषारक सम्पत्ति · कुन्दक प्रकाश · मरुआक वास · निशाक महत्व · जलक शैत्य · पवनक अप्रीति · व्रीहिक सञ्चय · दधि(क) काठिन्य · भूमिक शयन · स्त्रीक सन्निधान · एवम्विध सर्व्वगुणसं|[३ ४ ख]पूर्ण शिशिर देषु ॥

॥ अथ (च)तुःषष्टिकलावर्ण्णना ॥ नृत्य · गीत · वादित्र · विशेषक छेद · दशनविधि · वसनविधि · वर्णिकाविधि · पुष्परस · अङ्गराग · स्त्रीभूमिका · जलाघात ·| जलवाद्य · चित्रयोग्य · मालाग्रन्थन · शेषरयोजन · नेपथ्य · पत्रभङ्गि · गन्धयुक्ति · आवस · सन्धानक · इन्द्रजाल · योगविद्या · हस्तलाघव · भक्षक्रिया · पानक करनी | प्रहेलिका · प्रतिमा(रच)ना · दुर्व्वचनरचना · पुस्तकवाचन · समस्यापूरण · पट्टिकावान[1] · तर्क्ककर्म्म · वास्तुविद्या · रत्नपरिक्षा · धातुवाद · मणिराग · अरिज्ञान · वृक्षायुर्व्वेद · परशुयु[द्ध] · वर्णवश्यता · शुकसारिकावाचन · केशवन्ध · मर्द्दन · प्रसाधन · शिल्प-विद्या · अक्षरमुष्टिका · देशभाषाज्ञान · दोहदकरण · यन्त्रघटना · लिपिज्ञान · मान|सी · काव्यक्रिया · कोषज्ञान · क्रियाशिल्प · छलितयोग · रसवाद · आकर्षक्रीडा · वनिताविहार · व्यायामविद्या ·

---

1 बन्धन ?

कथाकौशल ॰ सूचीकर्म्म ॰ वस्त्रविद्या ॰ शास्त्रविद्या ॰ एवम्विध चतुः-
ष[२५क]ष्टिकलाकला[1]क कुशल नायक देषु ॥

॥ अथ षोडशमहादानवर्ण्णना ॥ तुलापुरूष ॰ ब्रह्माण्ड ॰ पृथ्वी ॰
विश्वचक्र ॰ हिरण्यगर्भ ॰ सप्तसागर ॰ पञ्चलाङ्गल ॰ महाभूतघट ॰
कल्पवृक्ष ॰ कल्पल|ता ॰ [[2]कामधेनु] ॰ हैमहस्तिरथ ॰ हिरण्याश्व ॰
गोसहस्र ॰ अश्वरथ ॰ रत्नधेनु[3] ॰ एवं षोडश ॰ महादानक दाता
नायक देषु ॥

॥ अथ रत्नवर्ण्णना ॥ गोमेद ॰ गरूडो|द्गार मरकत ॰ मुकुता ॰
मांसखण्ड ॰ पद्मराग[4] ॰ हीर ॰ रेणुज ॰ मारासेस ॰ सौगन्धिक ॰
चन्द्रकान्त ॰ सूर्यकान्त ॰ प्रवाल ॰ राजावर्त्त ॰ कषाय ॰ इन्द्रनील
अष्टादश जाति रत्न | तेँ संयुक्त अलङ्कार देषु ॥

॥ अथोपमनिवर्ण्णना ॥ कूर्म्म ॰ महाकूर्म्म ॰ अहिछत्र ॰ श्यावगन्ध ॰
व्योमराग ॰ कीटपत्त्र ॰ कुरुविन्द ॰ सूर्यमाल ॰ हरीतसार ॰ जीविउ ॰
यव|याति शिखिनिल् ॰ वंशपत्र ॰ धुलिमरकत ॰ भस्माङ्ग ॰ जम्बुकान्त ॰
स्फटिक ॰ कर्क्कतर ॰ पारिपात्र ॰ नन्दक ॰ अञ्जनक ॰ लोहितक ॰
शैलेयक ॰ शुक्तिचुर्ण्ण ॰ तुत्थक ॰ शुकग्रीव ॰ गरूत्प[२५ख][5]पत्त्र ॰
पीतराग ॰ कर्प्पूरक ॰ वर्ण्णरस ॰ काच ॰ बत्तीसओ जाति जे उपमनि
तेँ अलङ्कृत ॥

॥ अथ वस्त्रवर्ण्णना ॥ दुकूल ॰ क्षौम ॰ कौशेय ॰ कनकपत्त्र ॰
विचित्त्र ॰ मेघवर्ण्ण ॰ मेघउदु|म्बर ॰ षरम ॰ क्षीरोदक ॰ कर्प्पूरचौक ॰
कर्प्पूरतिलक ॰ गङ्गासागर ॰ सूर्यवन्ध ॰ गजवन्ध ॰ अहिनवाल ॰ देवाङ्ग ॰

---

[1] कला repeated twice in MS.

[2] कामधेनु obliterated by white-ant boring.

[3] MS. रत्नन्धेनु—extra न in MS. deleted by top-dots.

[4] Extra म in MS. deleted by top-dots.

[5] प repeated in MS.

शूचीसोन · शुचीपलि · पाञ्चौन · सो|नपलि · गाजीपलि · कदलीगर्भ · मुक्तापद · मालाविद्याधर · श्रीकण्ठ · लक्ष्मीविलास · विचित्राङ्गद · चक्रेश्वरी · दण्डप्रकार: · तीस प्रकारक पट्टम्ब|र · जाति ॥

॥ अथ देशीय वस्त्रवर्णना ॥ तञ्जेर · गाङ्गौर · सिलहटी · अजयमेरु· गाण्डीपुर · राजपुर · जगद्धरपुर · कञ्चिवनि · चोलपाटन · द्वारवास · नीस|सन्तोस · षडपी · पटोर · माङ्गल · पारिजात · मनि · मनिजाल · सर्व्वाङ्ग · रूपमञ्जरी · सम्वलहरी · सूर्यमण्डल · चन्द्रमण्डल · तारामण्डल · प्रभृति वस्त्र देशीय पट्टवस्त्र देषु ॥

[२६क] ॥ अथ निर्भूषण वस्त्रवर्णना ॥ कमरुवाल · वङ्गाल · गुञ्जर · कठिवाल · तेलकण्टा · शुद्धओट · काची[1] · निचढी · जीली · वरहथी · मझओतरि · झुरण · वपया · एवम्विध निर्भूषण वस्त्र देषु ॥

॥ अथ नेतवर्णना ॥ हरिणा · वैङ्गना · नखी · सर्व्वाङ्ग · गुरु · शुचीन · राजन · पञ्चरङ्ग · नील · हरित · पीत · लोहित · चित्रवर्ण · एवम्विध चतुर्द्दश जाति नेत देषु ॥

॥ अथाभिषेकवर्णना ॥ पञ्चहरकाँ भीतर · सिंहासनकाँ उपर · कुमर वइसाउ · तदन्तर भउ कइसन · पञ्चतीर्थक जलेँ स्नान कराओल · देवाङ्ग वस्त्र परिहाओल · | आँचर · चामर · पद्म · शुभावधारण करु · वेदध्वनि · शंखध्वनि · मङ्गलध्वनि · वारिउ ध्वनि उकलित भउ · चतु:समे टीका सारु · कणकदण्ड धरु · अनन्तर भउ कइसन । | अक्षत · दूर्व्वा · सर्व्वौषधी · सुवर्ण · श्वेतपत्र[2] छत्र · श्वेत चामर · श्वेत कुसुम · महकार · आम्रपल्लव · कदलीकर्प्पूर · श्रीखण्ड · मृगनाभि · कु( )कुम · तीर्थजल · दधि · मधु · मदिरा · घृत |

---

[1] कांची ?

[2] पत्र deleted by top-dots, = श्वेतछत्र.

[२ ६ ख] गोमय · गोरोचना · लाजादि · पायस · श्रीफल · मत्स्य · व्यजन[1] · सिंहासन · शृङ्गार · वराङ्गना · कपिला · गजतुङ्ग · वराङ्गना · कमलिनी · मृनाड · राजहंस · वायस · चक्रवाक | मयूर · खञ्जन · चकोर · पञ्चगव्य · पञ्चामृत · पिष्टातक · पञ्चसम · आतर्प्पण · अलङ्कार · दिव्याम्बर · प्रदीपकलस · कर्क्कोल · जातीफल · एला · लवङ्ग · आशी|र्व्वाद · मर्द्दन · सन्तोषादि · अनेक मङ्गलद्रव्य आनि उपनीत करु · राजधर्म्म चलल · राज आज्ञा पसरु ॥

॥ अथ वस्त्रगृहवर्ण्णना ॥ गुडरू · गुरदुनी | षेमा · वारिगह · ताँदोताल[2] · मसहरी · एकचोद · दोचोद · धन · पलरा · वेमान · षोरमयुर · सरवाल · टङ्गौटी · मण्डवा · सरदूचा · सरमान · वा|रिगह · कपलघर प्रभृति अनेक घर कटक इतु रहि हलु ॥

॥ अथ ज्योतिर्व्विद्वर्ण्णना ॥ मानस · खण्डखाद्य · भास्वती · तिथिचक्र · सोमशेषर · विद्याधरी | [२ ७क] विलस प्रभृति अनेक करणग्रन्थक व्युत्पन्न · राजमार्त्तण्ड · हलायुध · वराहमिहिर · श्रीपतिसंहिता नन्दसंहिता · देवलसंहिता · चन्द्रसंहिता · ये अनेक फ|लग्रन्थक व्युत्पन्न । पन्द्रह तिथि · सत्तादस नक्षत्र · सत्तादस योग · सात वरागन · वारह राशि · एकरी अनुपति · आठ पहर · वत्तीस घली · वा|रह मुहूर्त्त · दण्ड · पल · कला · विकला तेँ गुणनाक्षे प्रतियामित्र पाप · ग्रहादि दोषवर्ज्जित चान्द केवल ताराके अनुकूले · गुरु शुक्रकेँ | केन्द्रे · सुतहि·वुकादि योगे समन्वित सर्व्वगुणसम्पूर्ण लग्न भउ ॥

॥ अथ द्युतवर्ण्णना ॥ नगरक दक्षिण · जूआ योगिनीक · आयतन · देवीकाँ | सन्निधान · उच्च · चौरस · सुगन्ध · वातायन · विचित्र · विपुलाकृति · शत हाथ भीतर दीर्घ · चउसट्ठि हाथ फाण्ड · काँच

---

[1] व्यञ्जन in MS., ञ्ज connected to ज.

[2] Traces of top-dots on तो॑.

पाटक निर्म्मञोल · जोलजन्त्र कण्डारनीक कण्डारल · विश्व[२७ख] कर्म्माञ्जे निर्म्मञोल · [1]वणिकभूमि · अपूर्व्व चेण्टसार[2] एक देषु। तँका भीतर चारि राजा · चारि हाथि · चारि घोल · चारि नाव · चारि पायिक · पीत · हरित · रक्त · निल · चारि|वर्ण · दूत्र · तीअ · चारि · पाँच एकरि अनुगति · परिआ · चउसट्ठि कोठा · चारि खेल पाल · सिंहासन चौराद्र · षटपद · वकढा · लओकढि · कउआकाठ · | कङ्क खेडक विवर्त्त करइतैँ आह · हाथि राजाक पलने विषाद करइतैँ आह · खेड अनुकरइतैँ आह · लल · अनल विचारइतैँ अह · अनेक|लोक चरुङ्गा[3] देषइतैँ देषुअह। अनन्तर कइसन भउ · चउरासी पञ्चसार · पञ्च तीआ · दोहार · पाञ्ची · दोसारी · तेसारी · नववेगर · दश|वल · विदूआ · दूआ · चौक · सत्ता प्रभृति शिरपटोरकादि त्रयोद(श) प्रकारक खेड घेलइतैँ देषुअह। चर गम करइतैँ आह · गुण · दूण· करइतैँ आह · परिआ | [२८क] पाट चलइतैँ आह · चर · चोरि · गम · गेङ्ग चारि प्रकारक वुद्धि लरइतैँ आह · खेल खेलइतैँ आह · अनेक सारि क्रीडाशक्ति देषुअह। अवरु कइसन देषु। वसनी | सहिआर · खेलवार · दण्डसाह · द्रष्टा प्रभृति अनेक लोक देषु-अह · चौकि महथि · निदोषातलि · साउरि · पाञ्चओ कात पलइतैँ अछ · पकात · पलि|कात कटइते अछ · पलनाकात · पर-छोहे तीनिक दानि वनइतें अछिअ · दून तेगुन होइते अछ · पाञ्चेकइ मिलइते अछिअ · नौक वनइतैँ अछिअ ·। माँगल देइतैँ अछिअ · पानकर्प्पूरक विनियोग होइतैँ अछ · तर्क्कविगम · परिहास करइतैँ अछिअ · सुनन · भूलन · चुक|न · उपढुकन चारि धर्म्म व्यवहारे ·

---

[1] MS. reading = वाणक.

[2] = टेण्टसार ?

[3] = चउरङ्ग.

राजपुत्र · शिष्टपुत्र · साधुपुत्र · कुलपुत्र · भट्टपुत्र · वैदेशिक · आमनैकादि अनेक व्यसनी · अर्थी · जुआर · सङ्ग खेलइतेँ दे|[२८ख]पु अह · अपर कइसन · वन · पसहर · सरिहर · सयान · टेण्टल · अधपल · भडिषाधुर · खेलवार · जुयार · दण्डगाह · दिघोच · वेधवार · उपवार · वोलनिहार | चौतीविशेषक मङ्गनिहार · अवर लोक वइसल देषुह । अवर कइसन देषुह · नौषी · छषी · नालक · तेगर · वेरली · वरहषा · वारहि · सोर|हि · सातल · छषी · नउषी · दुदुआ · तगीपूला · गणका · कठइचा · फुलिआ · वोड़[1] · साकेलि · उपरचिता · दुइचारि एक हाँका पटञ्जुती तलि · घरतलि · | वोवट[2] चोन्धा · मनमला · ओएना · टोएना प्रभृति सिसलि · सिखलि · नाहलि · घोटलि · सिवाइलि · ढोग · गोट · तापस · पञ्चकटाइल हरदि|आरि नानाविधचौती ताक विन्यास जुआ पथलि अछ · अनेक खेड विखेड यथावल यथावित्त · यथायोग्य · यथासामर्थ्य · खेलइतें अनेकलोक देषु अह ॥ [२९क] पुनु कइसन देषु · टेण्टा·कराल · वोलकपाल · कठगराल · नवान प्रभृति अनेकलोक देषु अह · से कइसन देषु · अह · ढेङ्गी · पसारी · पन्हचाटी · नारी · [3]काथी · काठल · क|निआरि · काण्ड · घोलटपी · फलचौक · चान्दोमानिनि · माङ्गल · समारी · तरी · घघरी · वरमुठि · सटका · सरिआ · नौषी · अमठी · अञ्जरी · योहथी · दोषण्डी · गविसी · चोया · चुआ · ओल · कुम्भिरा · हन · दोहानी · प्रभृति वत्तीसऊ खेड़क तेँ खेलवार आह । आओ(र) कइसन · निवाओल · मेलल · वहल · भासल · टारल · हथ|वार · पइत · पाढ · विलग · लाग · कोन्ता

---

[1] वोड ?

[2] वोरट ?

[3] काखी ?

नद्दजा · धरिजा · नद्दउठा · चाञ्चोक · वहल्ल · वारल्ल · वराञ्चोल्ल नवनक्रिया · छञ्मी · भव · भावल्ल · देद्दते अह · जय·|हारि · लाभ · पुञ्जरी लहल्ल · दामक देय · समाधेय · सहिञ्चार · अङ्गभरण · भूलल्ल · चुकल्ल · कटा · गण्डा · वोडि · पण · दाम · पन · काहोन · डेढी · करद्दल्ली · दिनपल्ली · भेटद्[२९ख]न · सवायी गल्ल प्रभृति ये अनेक कुव्यवस्था तँ व्यवस्थाने भेल · दशायी · विशायी · सद्दका · हजार · लच · क्रोटि · प्रभृति आकाशहिँ सहिञ्चार आकलद्दतँ लेख पुरवद्दतँ | आह · तरँ उपर डाण्ड देद्दतँ आह · अनेक जुञ्चार देषु अह · आगर · दोगर · चौगर · नेञ्चोट · पाटि करद्दतँ आह · तहसील · चेङ्गी · गुती | गडहा प्रभृति अनेक दुर्गति देद्दतँ आह · अनेक दुःखँ · सरवस · शरी · सोन · सूद · पूत · वक्रञ्चारि · छत्रि · ञ्चोटित · पाट · चौरिकादि क्रिया करद्दतँ | आह · जय · हारि · गुण · दाताह · लाग · आगर · नेषद्दतँ · आह · वहत्तरि · चौरासि इत्यान्नवए कञ्चोडा प्रभृति ये डीठा दे अवद्दतँ आह · हाड काती ना|ए लेषद्दते आह · जौनञ्चो · उमठञ्चो · अवधारद्दते · आह · अनेक प्रथिक · अनेक व्यसनी · देखु अह · भङ्गीजन कट मङ्गयितँ आह · खेड पाडद्दतँ आह · सहिञ्चारकँ | दैन्य करद्दते आह · दशञ्चो अङ्गुलि लेद्दतँ आह · मारि गञ्जन सहद्दतँ आह · अनेक असत्य वाक्य वेलद्दतँ · आह · एवम्विध वन्दी मर्क्कटन्याय जुञ्चार हरवार दें|षुअह ॥

॥ अथ वेश्यावर्णना ॥ चउवटाका पुर · कनकप्राकारमण्डित · चतुरस्र अनेक ये आवास तँ मण्डित · पाननायिका · प्रति-नायि|का · सखी · सैरन्ध्री · परिचारिका · दास · दासी · वन्धुल · निर्लज्ज · आचारहीन · निर्गति · निराश्रय · कामुकादि ये लोक तँ सङ्कुल · सुगन्ध | सौरभ · कुसुमकद्द ग्रथना · वस्तुक

धूप · शरीरकइ परिष्कार · केशकइ संमार्ज्जन · अलङ्कारक उपनय · दूतीक गतागत · भूजङ्गक आ|लाप · चित्रशालीकइ रचना · शय्याक विन्यास · ताम्बुलक सञ्चय · अङ्गरागक पेषण · नायिकाक अलङ्कार · अर्थक ग्रहण · एवं व्यावृत्त अनेक लम्पाक दे[४०ख]षु अह · पुनु कइसन · क्रित्रिम लज्जा · कपट तारुण्य · धनार्थे प्रेम · लोभार्थे विनय · कारणे सौभाग्य · निर्म्मूक्त स्वामिसिन्दूर · एवं शीलवन्ति · विलासवन्ति · वलवन्ति | करुणावन्ति · हृदय-हारिणी · यौवनश्री · लावण्यायतना · सर्व्वाङ्गसुन्दरी · मुखमण्डने · वेन्ही वियष्खनी · परिहासपेसली[1] सुन्दरी·क सा|थ जवे नागरजन देखथि तवे चारि पुरुषार्थ जाति · लज्जा · धन · प्रतिष्ठा · उपेखथि · यौवनावलोक्य कन्दर्प्पक आयतन प्राय सर्व्वक|लासम्पूर्ण · पुष्पमोदितकेशपाश · सम्भोगदेवता प्राय · अनेक वेश्यान्हिका मध्य · उत्तमा वसन्तसेना नामे वेश्या देषु ॥

॥ अथ कुट्टनीवर्ण्णना ॥ वर्ष सए तीनि भितर वएस · पाण्डुर भञुह · शङ्खावदात केश · सङ्कुलित लच · उन्नति शिरा · निर्म्मांस काय · भाङ्गल कपोल · झलल दाँत । | [४१क] वले जीनल वएस · वएसे जीनल वल · वोल वोलइतेँ जहहि ओठहिँ लगा रागी · हस्तक साने मेलापक रोआव · मार्क्कण्डेक सहोदर जेठि वहिनि | अइसनि · लोभक वेटी अइसनि · वुद्धिक माञुसि अ(इ)सनि · [2]कुटिलमति · नारदक सहोदर अइसनि घटक · विष्णुमाया अइसनि संघटक · सतीऊक सत्यभाँग · कुलवधुऊ कुटिलाकर[2] कुटनी देषु ॥ मृत्यु सञो कलकल करइतेँ अछ · मृत्यु वोल · मञो तोहि | लए जाञो · से वोल · वरष एक

---

[1] MS. ०पेलसली, with first ल deleted by top-dots.

[2] From कुटिलमति to कुटिलाकर—written on top of line.

कट देह · अञ्जि नगरक सोष सोहर देषि जाञो · अखलु कइसन · कामदेवक रसनाञे फोटि गेल | तेँ वासनाञे जनि यौवनक परित्याग कए हलल · यद्यपि सुषाएल सरोव(र) अइसन शरीर भए गेलइक · तञ्ज दशा रेखटीप अञ्जन शरी|र न[हा]उ × अइसनि पर जाति प्राणहारिणी कुटनी देषु ॥

॥ अथ कामावस्थावर्णना ॥ नायक नायिका तन्हि दुङ अन्योन्यदर्शन भउ · अनन्तर भ(उ)[४१ख] कइस(न) · नय(न)क प्रीति · चित्तक सङ्ग · सङ्कल्प निद्रा · विलास विरक्ति · लज्जा अभिघात · उन्माद मरण इ ये दशओ दशा कामदेवक ई यथावकाशे आए उद्भूत भउअह । | मादन · उन्मादन · [1]प्रक्षोभण · संयोजन · सम्मोहन इ पाञ्चओ ये कामदेवक नाराच · से एकदाए नायककाँ शरीर लागि गउ · अह भउ कइ|सन · स्तम्भ · स्वेद · रोमाञ्च · स्वरभेद · कम्प · विवर्णता · अश्रु प्रणय इ आठओ ये सात्विक दशा से यथावकाश उद्दिष्टि भउअह · तदनन्तर | सुगन्ध · पुष्प · ताम्बुल एकर विनियोग करु · शय्याकाँ उपरँ नायक नायिका इ दुओ एकवस्थ भउअह · अन्योन्यानुरागे मिलुअह । | शिष्टक · विल्वक · उद्घटक · पीडितक चारि प्रकारक कोमलाङ्गीँ न भउ · वृक्षारूढ · तँ[2] लतावेष्टित · जघनोपरि गूढ़ · तिल-तण्डुल · क्षीण · नीवला-ना[४२क]टिका · सात प्रकारक कठिनालिङ्गन भउ · भ्रान्त · तिर्य्यक · पीड़ित · विघट्टित · उत्तरसंपूट · अनुनु · प्रतिरोध · सङ्क्रान्त · समौष्ठ · दश प्रकारक चुम्बन भउ · नयन · कण्ठ · | कपोल · अधर · केशाकर्षण · मुख · स्तन · ललाट · जघन · नाभि · कक्षा · इथि दशङ्क स्थान चुम्बन निर्व्वङ्क · अर्द्धचन्द्र · मण्डल ·

---

[1] MS. प्रक्षोभवन, with व deleted by top-dots.

[2] तँ deleted by top-dots.

मयूर·पद · दश·प्लुत | उत्पलपत्र · पाञ्च प्रकारक नखविन्यास निर्व्वङ्क · तिलक · प्रवाल · विन्दुक · खण्डाभ्र · कोल · चर्व्व पाञ्च प्रकारक दशनविन्यास भेल · समहस्त · भुजङ्ग|वल्लि · कामावतंस तीनि प्रकारक केशाकर्षण निर्व्वङ्क · पद्मासन · नागरकरेणु · विदारित · स्कन्धपाद · चारि प्रकारक सामान्य सुरत भउ · संपुट | (पि)पडीत · वेष्टित · उत्फुल्लक · वासव · एकपाद · अर्द्धपाद · कर्क्कटक · वन्धुरित · नागपाश · उत्कण्ठ कर्म्म · वलितोरु · षोडश प्रकारक उत्तान सुर(त) भउ · एवं च | [४२ख] पार्श्ववन्ध · तिर्य्यक · अधोमुख · विपरीत · लतावन्ध · हिन्दोलवन्ध · कीर्त्तिवन्ध · पुरुषायितादि अनेक विवन्ध तेँ सुरत निर्व्वङ्क · हंस · सारस · कपोत · हारीत · | कलविङ्क · लावकध्वनि · नायिका ये सुरतशिक्षा भउ · पदरसु · स्तनित · शीत्कृत · दूतकृत · मुर्म्मुरादि सुरतचेष्टा निव्वङ्क । नायक नायिका दुअ|ओ विगताकांक्षा भउअह ॥

॥ इति कविशेषराचार्य श्रीज्योतिरीश्वरविरचिते वर्ण्णरत्नाकरे ऋतुवर्ण्णनो नाम चतुर्थः[1] कल्लोलः ॥ ४ ॥ ∧

॥ अथ प्रयानकवर्ण्णना ॥ हरिअ · मकुअ · माङ्गल · कुही · कुवाल · कओस · उरज · नील · गरुड · पौअर · राओट · दोरोञ · [2]उवाह · व|लिआह[3] · सेवाह · कौंकाह · केयाह · हराह · घोराह · रोरिह प्रभृति ये अनेक वालघोल से अनुअह · से कद्दसनाह · तरुणाह · नोनुआह · व|[४३क]लिआह · शूराह · वाराह · वङ्कमूल्यह · धसफाल् · पूर · परिधप · वीषवेष · वेगमण्डल ·

---

[1] MS. चतुयः.

[2] MS. उराहह or उवाहह—with final ह deleted by top-dots.

[3] After वलिआह there is a symbol ·)· in MS.

अर्द्धमण्डल · निग्रह · आश्वास · निकाश · प्रवेश · वाम · दक्षिण · वाग · वाग|साट प्रभृति अनेक अश्वशिक्षाप्रकार · तंका उत्तीर्णाह · नल · शालिहोत्र · ऋतुवर्ण · अरुण · मातलि · रेमन्त · कुवलयाश्व · शल्य · आठओ ये अश्वहृदयवेत्ता अधिकह तन्हिक ये अश्वशिक्षा प्रकार तंका उत्तीर्णाह · जातिकाह · कुलिनह · काम्वोज · वाणाभज · वाल्हीक · पारसीक ·| सिन्धु · श्यावकर्ण · सिंहल · सारथ · मावर · मुरतान प्रभृति अनेक ये दे[1]शातरि तंकांह उत्पन्नाह · जाति-सात्विक · कुलिन · सुन्दर · साभ्या|स · वरिष्ठ · [2]विक्रान्त · प्रभुभक्त · क्षमाशील् · दाता · भोगी · छत्तीसङ्ग कुलीक विशुद्धाह · अनेक ये आमनद्रकह से अनेक दन्तायुध ताविराग रजाङ्गी|[४ ३ ख] टाढप परिहि सवे चलुअह · श्वेतहस्ती · गन्धहस्ति · सदामद · [3]वारु-वघेल · भद्रजाति प्रभृति अनेक हाथि तैँ पाञ्चे साते नवे एगारहे पन्द्रहे अनेक घल सा|जि साजि अनेक योध चलल अछथि · गजकेसरि · चौदन्त · सुमेरु · यमदाढ़ · वनढेकनि · गुण्डी · तिलओत · रोहित · वाहपगार · गजहथ · सुहओ|न प्रभृति अनेक जन वान चुन धरओले · खन्धार काह थोकरद्द सेअ पुनुक परिकरद्द मिलुअह · ढग आगर · चिन्हओला · छताधर · पताकाए व्याप्त | आए भद्द गउ · पअभरे [4]भरैँ पानि सोषि कादव भद्द गउ · कादव फोटि धुलि गउ · धुलि [5]उड़ि आगद्द दिगन्तर भद्दग|उ · पर्व्वत खुन्दि भूमिसम भद्दगउ · सरिसि भूमि विषम भद्दगउ · दिक्चक्र

---

[1] MS. has a vertical line after दे to complete half-line.

[2] MS. विक्रान्त प्रभु · भक्त ·

[3] MS. वरु, with ा added above.

[4] भरैँ deleted by top-dots.

[5] MS. तड़ि for उड़ि.

काहु चक्रवर्त्ति भीत भइ गउ अह · शेषे माथ नावि हालु · कूर्म्म कलकलाइ गउ ॥

॥ अपरः प्रकारः ॥ अगिरा|[४४क]नि · जनसारि · सेनगाह · साहनि · महतानि · परिडा · परेवा · पञ्चोतार · पायिक प्रभृति एन्हिकाकँ रजाएस भउ · तानन्तर कइसन भउ · डोड · पमार · विन्द · छौ|कोर · छेवार · निकुम्भ · राओल · चाओट · चाङ्गल · चन्देल · चउहान · चालुकि · रठउल · करचुरि · करम्ब · बुघेल · वीरब्रह्म · वन्दाउत · वएस · वछो|म · वर्द्धन · गुडिय · गुहलउत · सुरुकि · सहिआउत · शिषर · शूर · खातिमान · सहर ओट · भोण्ड · भद्र · भञ्जभटी · कूढ · खरसान · छत्तीशओ कुली| राजपुत्र चलुअह · से कइसनाह · एकहथा · दोहथा · कालिकामत · शङ्कराभरण · चण्ड महारोसन · पाञ्चङ्ग खण्डाक सुशिक्षित ·| तोपान-मत · वेतालमत · मरिचामत · भृगुमत · कदलीपत्र · चोलखण्ड · सेघ · दीघल · सर्व्वजयासन्धि · दशङ्ग छुरीक कुशलह । सेल भाषल · कोन्त|[४४ख] कोन्ती · गजकोन्त · डाह · डाबुस · खाण्ड · गुलिज · शूल · सावल · साङ्गी · तरुआरि · अङ्कुश · परशू · करावुलि · वेलक · कलिआर . तीर · तरकस · पाश · गदा · डोगल |मोगल · केश कुरुवाल · प्रभृति छत्तीशङ्क दण्डायुधक कुशलह । लक्ष · त्याग · भोग · सत्त्व · पटप · आरम्भ · उत्फाल · अभिमान · कीर्त्ति · उपशम · प्र|भूशक्ति दशओ ये आमनैक गुण तेँ संयुक्ताह · ये आमनइकह से राजादेशे हकारि हलुअह · तदनन्तर अम्वर · तेजी · ताजि · तन्तारी[1] | नागौरि · भारजि · कामोजि · सारथ · पाटलि · चितउरि · नायतरी · सतावरी · सावरी · घुण्ठ · वेसर · जलउनट · केकान · टाङ्गन प्रभृति दे|शातरी ये घोल से

---

[1] A mark like ए to close up line after this word.

कइसनआह · पैघे खुरे · चाकरेँ उरे · वलिञे खुरि · गाँटी · पिचि · अडी ढौटि · मोटे कान्धे · अटने वान्धे · छोटे काने · आहवाने | [४५क] काचने नयने · सुषासने गमने · हीये मिलल · पाषरक भीनल · मनक वुझल · जघनक जुझल · तरुणे आँगे · वुझली वागे · सिराह · मलकाह · पूराह · जाके जाइते | पृथ्वी तेलने · सर्व्वकलासम्पूर्ण · आदित्यकाँ रथ म्लान हो अइसन घोल · सरासार · सरउटी · वाग · वगहर · पाएन · वगञोन्धा · नुपुर · चौरासी घा|टौँ · ताजन प्रभृति सर्व्वसाजनसंयुक्त कए पनानि पनानि थलवारन्हि घोल उपनीत करुअह · अनन्तर झङ्गा · वराली · पाग · दग्गरइचा · मोजा · सर|मोजा · गान्ती · वघञुह · प्रभृति क[1] अनेक साजन कएले कतँ एक असवार देषुअह । कते एक पुनु कुचओटा लोहाक कतरा हौराक वेधल | सोनभानि ढारल · नोहा सारङ्गकेँ वाहर गाण्डल पलिके अद्रे · सोनपानिउतरङ्गे · गोआर · दुसव · झवक · वज(र)ङ्गी । वीरवाङ · वगलइचा · गान्डी केकु | [४५ख] प्रभृति अनेक सजोअ परिहने देषुअह । देँवा · सेवाङ्ग · शूरी · सेनशूरी · गादीपलि · गाजीपलि · सोन-पलि प्रभृति अनेक ये पट्टम्बर तकरि कवाइ परिहले | कतओक देखुअह · तदनन्तर काजरक पर्व्वत अइसन आकार · ग्रह · मोच · लय · लच चारिङ अङ्गक कुशलाह । परकलक्ष्मी जिनएक स|मर्थाह । वहल · मांसल · वलिञ · स्निग्ध · सर्व्वविदानक · सुसिक्षित · अइसने हाथे संयुक्ताह · दक्षिणदण्ड · मनिकदण्ड भद्रजाति · गजहस्ती · सिंघ|लवारु · वघेल · सातङ जातिकाह से हाथि · वाग · पलिवाग · विजयघण्ट · वीरउण्डि · साङ्कल · पलिकार · गुड़ · सुहलव · पलिस · सानि · साम्हत · से|ठिना · महाउत ·

[1] This क deleted in MS. by top-dots.

योधसंयुक्त · राजवास · विकटरण · सूचीघन · वज्रघन प्रभृति अनेक गजघटा से चलित भउ । अनन्तर [1]काजरँ वारिद लीपल अइअ[2]सनि आ|[४६क]कार · किटाएल कालसर्प्प अइसन सिङ्ग · डाम्भक फरेन्द अइसन आँषि · उञ्च[3] · कर्क्कश · कठिन · दुर्ज्जनमुह अइसन कान · वेण्डि लागलि · साटि मोटि | जाघौ · तरुणे वएसे · चारि दाते · चउषण्डे वान्धे · क्रोधमूर्त्ति अइसन ये महिस तकरौँ पिचि चलल · अनेक वाहिनि चलओने धनु|खओने तोने · अग्निवान वहइताह · कइसन देषुअह · हाथ · झगला · कनिआर · नायक पगंही ठाढी देले · शरप्राय वेग देषु । | से कइसन देषु · जनि सन्ध्या समयक आकाश जलधरमण्डित सौदामिनीक गतागत-सन · तरुडी पाग वाग परिहने सन्ना|ह थरणे ठाट परिहने · समवर्षक सने रमनगोफरी · कन्धउटी · तरवारि · यमका मुह लागइ समर्थाह · अनेक फरिआइत चलुअह · तंका पक्का स[४६ख]म · विषम · तेज · विखण्ड · धोलछोह · चित्रमयाङ्ग · कुरिहरा · सलप खण्ड · छोहारा वङ्क · अमकाह · कुशलह · शरतक चान्द अइस(नि)[4] निर्म्मलि चमोजा एकहाथ तंका पस्र|मौ वाटि · कालरात्रिक जिह्वा अइसनि · तरवारि एकहोंक कसने नामि महसाओत · कमाख तौनिङ्क रविकाह विचक्षणह स्वामीसे|वा परायनह · मृत्यु मेलि पाकु करइतेआह · मनतह विसराओ पाञ्चे यन्हिक वेगइसनाह (=वेग अइसनाह) अनेक फरकाल चलत भउह । तंकाँ प|क्का अउनगउ · कोंतकन पढाइत · धओनिहार ·

---

[1] MS. काजरेवाँरिटलीपल .

[2] This अ deleted from MS. by top-dots.

[3] MS. =त्तच

[4] One [नि] wanting in MS.

उलयाइत · नरण्डिया · जन्त्रधानुक · पानञ्छ · गुणवाइक · वजरकण्डिया प्रभृति अनेक | पदाति चलत भउअह · तंकाँ पछा मनतह पाछे गुणे आगर · हाथ तह वोढ़े आगर अइसनाह · हरिण धाञे पाञे धरञितेँ आह · सेन हय[४७क]ने कोन्ते · अङ्कुर · लउली · जाठी · लऊगरुअ वोलइत आह · टेण्डिकाह लइ हरह · परामर्ष-शून्यह · चरणा परिहले · टोपरि कएले मेलनिताञाञे हाकर · विज|करजओ धुलिहाथ · घलइताह · अनेक लम्ब कोन्तिआ कोन्ति कर धरइते देषुह · चौन्ह · चामर · ध्वज · पताका छता छा|ती · छगली सतमौला धओर|ट प्रभृति अनेक छत्र-प्रकार तेँ छन्न आकाश भइगउ · ढाक · ढोल · टमकी · नि[[1]सा]न · रयमति · दममातरल · विरमान्दल · डौन्ति · काशी शक्ति · धमसा | भेरि · शङ्ख · मऊअरि · रणतुला प्रभृति अनेक वाजन वजाइ अहलु-[2]अह · तेँ श्रोत्रयुगल अनायत भइ गउ · तदनन्तर हाथिक चीत्कार · घोलाक हिंस|न · पतवारक शब्द · वजनाक वाइति · शरीपातिक शब्द · पाइक हाक · टापक कसमसि · मानुषक मुहरव · तेँ [3]गुर्व्वीणीक गर्ब्भपात भइ गउ · कातरन्हि मनोभ[4][४७ख]ङ्ग भइ गउ · वीरपुरुषन्हि हरष भइ गउ · आठऊ कुलगिरिक शृङ्ग पृथ्वीगत भइ गउ · सातऊ समुद्र चोभ भइ गउ । [5]धूलिभारे आकाश पिहित भइ गउ · आकालक सन्ध्या | भइ गउ · नत्तत्र उदित भइ गउ · पत्तिन्हि वास अनुसरि हालु ॥

---

[1] [सा] not legible, spot worm-eaten.

[2] MS.=अहलुह, with अ added on top of page.

[3] MS. गुर्व्वीणीक for गर्भिणीक .

[4] [ङ्गभइग] illegible—MS. leaf broken off.

[5] धू illegible—MS. worm-eaten.

॥ अथाषेटकवर्ण्णना ॥ [1]राजाका सर्व्वावसर भेला · वनसञो सारज लावि हकार आ|इसि उपस्थित भउ · कङ्कारी कार सुधावल कहल लइइ अत एककइ गल क्वारि आ×त्मनि सेवा करुअक · सारज लावल गोचरुअक राजा उत्साह|भउ · अहेलाक साजन करण रजाएस भउ · तदनन्तर कइसन भउ · मद्र · भद्र मृगमिश्र · दषिनदण्ड मनिकदण्ड वघेल दीपवाल · आठओ जाति ये हा|थि अधिकह से नइ सुखकइ पलिवमलावि · सुसरा समर्प्पि सारि · सज्जु कइ महाउतन्हि आनि योधके उपगत करुअह · तदनन्तर कामोज · वाणाउज · वाल्हिी[४८क]क गान्धार · सैवर · तित्तिल · कुलज · उपकुलज · मेचक · त्रैगत · यवन · जावाल · साचिन्द्र · कान्दवेय · वार्म्मतेय · काश्मीर · शंखायन · पर्व्वतीय · मिलज · केकय · अवताच्च · | तोषार · करस · चउवीशओ जाति जे घोल से सर्व्वसाजनसंयुक्त कइ पनानि पनानि असवारन्हिके विलङ्कआ · तदनन्तर भयान जाल-ध्व(=न्ध)र · मध्यदेश · वैदर्भ · सौराष्ट्र · आठओ जाति महिस साजि वाहिलि वहिल ओट लइ अगसरुअह · तदनन्तर कइसन भउ · वास्तिर · ताहाल · | वालदुघट · अभ्रज · वंशवाल · दिगर्भनील · पाम्थिवाल एवंम्विध दशओ जाति [[2]कुकुर] अनुअह · से कइसनाह · सिंहक अइसने आका|रे · दुर्ज्जन अइअ(=स)ने व्यापारे · मुखर अइसने शब्दे · दीघरे आङ्गे · छिणे वेकलेण्टे [?] · नाम्वे काने · नन्हि नाङ्गुले · एवम्विध कुकुर कुकुरवाहे| [४८ख] डोरिआए विलङ्क · से कइसनाह · पाटधलि एकहोक मथा वन्धने · हाण्डु उपर आंगी परिहने · कुकुर सौर धवने · टोकार सिसिकार तुतुकार [3]कुकुकार दिघ|वार प्रभृति अनेक कुकुर परचित शब्द करइतेआह ·

[1] Illegible in MS.

[2] कुकुर the word worm-eaten and indistinct.

[3] Corrected to चुचुकार on top.

अनेक कुङ्कुरवाह्ह चलुहह · तदनन्तर पाञ्जि · सारिम · नगल · वेसर · वेसरि · ठरङ्गल · ओरङ्गल | जुराटी · छुरिकार · छुरिआरी · जाओल · टुनिआ · छुरछली · चिचुकार प्रभृति अनेक सद्दचान ता टोपर परिहओले · हाथक पला परिहने · सटकनी लेले | चिपोहकार योगओने · साँ पाँ टोँ ऊँ शब्द करइतें आह · अनेक धावक चलत भउअह · पालत · पायिक · असवार · चलत भउअह · इकलसु हथवा|ल महवान · मण्डलीक · सामन्त · महासामन्त · परिला · पतिराज · वोहपति · सेनापति · ठक्कापति · देशपति प्रभृति अनेक नामधारक सैन्य [1]चलत भउअह · तदनन्तर भ|[४८क]उ कइसन · सैन्यके भरे पृथ्वी कापि गउ · मेरु टरि गउ · सातओ समुद्र उल्लसित भइ गउ · सैन्यचरणप्रहारे ये उछलित धुलि ते आकाश छन्न भइ गउ · गङ्गा पाँक भइ गउ | दिश पिहित भइ गउ · चक्रवाक विश्लेषित भइ गउ · आकाश धुलि कइसन देषु · जनि सइन्यके भरे पृथ्वी आकाश भइ गउ · गजघ[2]ण्टाक मदजल · अश्वक|इ लाला · पदातिक घर्म्म · एन्हि वाट काद्‌व भइ गउ · सैन्यक निश्वास भरेँ मांसल पवन भइ गउ · रथक घोष · हाथिक वृंहित · अश्वक हिंसारव · ऊंटक | [3]वौतकार · वाद्यक शब्द · वन्दीजनक जयशब्द · तेँ अनायत्त कर्णयुगल भइ गउ · ध्वज · चामर · चिन्ह · छत्र · टग · आगार प्रभृति अनेक सैन्यालङ्कार तेँ आ|काश छन्न भइ गउ · वस्त्रक रकिता · अलङ्कारक तेज · आदित्यक किरण · तीनु मिलित भइ गउ · तेँ लरया लोक दशो दिश भइ गउ · पुनु कइसन देषु ॥ जनि प्रताप त|[४८ख]रुक पल्लव · जयश्रीक पताका · आओ · जइसनि विपक्षक

---

[1] MS. वलत ?

[2] =गजघटाक.

[3] Line ends with ८, next line begins with वो (८वो=वौ).

वनक धूमकेतु · आओ जइसन अइसन सैन्य साजि राजा चलल भउअह ॥

॥ अथ वनवर्ण्णना ॥ ताल · तमाल · रसाल · हिन्ताल · शाल · पियाल · पितशाल · शमी · सरल · शल्लकी · सिरिसि · सिम्बलि · सिद्ध · सिंसप · सहोल · सोहिजन · पिप्पल · पलाश · पाउलि · पनस · प्रि|यङ्गु · वेल · वकुल · वउहर · वंझि · वहेलि · वदर · वानीर · कदम्ब · कर्णिकार · कोविदार · काञ्चनाल · करहि · कम्पिल्ल · कङ्केलि · कुब्जक · अने|क पुष्पफल · शोभित · लतावणपाल अलङ्कृत ये वृक्षसमूह ते अलङ्कृत ॥ हरिण · सूअर · सिंह · [1]शार्द्दूल · गवय · गण्डक · गज · [2]महिष · भल्लूक · मृग · शाखामृग · गिरिक्ष · गोलाङ्गूल प्रभृति अनेक श्वापदक आश्रयभूत । श्येन · शुक · सारिका · पाण्डु · पारावत · मयूर · तित्तिल · हरीत · कराल · कोकिलादि | [५०क] जे अनेक चटक तकर विश्रामस्थान । पुनु कइसन देषु । कोच · किरात · कोल्ह · भिल्ल · षस · पुलिन्द · सच(=व)र · कैरङ्ग · ल्लेक्ष · गोण्ठ · वोट · नेट · पहलिआ · पोध · दोन|वार · सागर · वान्तर प्रभृति अनेक ये ल्लेक्ष जाति ताक निवासस्थान । मदे ये उन्मत्त हाथि तन्हिके ये दान्ते आघातल सरलवृक्ष ता सञो च्युत भेल | ये निर्यास · तकर परिमल से कइसन अषलु · जनि वनदेवताकाँ आयतन धूप देल अछ · सिंहक नाद · हाथिक चित्कार · शार्द्दूलक कण्ठरव · अजगल|क शब्द · व्याधकइ माया · किन्नरकइ गीत · विद्याधरक आलाप · एवंविध भीषणता रमनीयता दुइ दशा वनक देषु ॥

॥ अथोपवनवर्ण्णना ॥ | गुआ · नारिकेर · नारङ्ग · नागकेसर ·

---

[1] MS. शाहर्द्दूल—ह deleted by two dots on top.

[2] MS. मषिहिष—षि deleted as above.

नमेरु · खीरी · वउर · उतति · द्राष · द्रालिम्ब · छोलङ्ग · करुण · चम्पक · चन्दन · लवङ्ग · अशोकादि अनेक ये पुष्पद्रुम । | [५०ख] माधवीलतामण्डप तेँ अलङ्कृत। शुक · सारी · मयूर · चकोर · जीव · कपोत · कोकिला प्रभृति अनेक क्रीडाचटकक ध्वनि तेँ मनोहर। पुनु कइसन देषु। भ्रमरक चरणाघातें पृथ्वीगत | ये पुष्प भेल अछ · से कइसन देषु · जनि वनदेवताक शयन शय्या [1]विरचलि अछ · मकरन्दक वृष्टि होइते अछ · तेँ अकालदुर्द्दिन भेल अछ । ० । | लताकुसुमक ये परिमल तेँ सोन्ध पानीय लताक सम्पर्क तेँ जुत मयूरक पूछ चालइतेँ अछ तेँ मन्द · एवम्विध सोन्ध · मीठ · जुड · मन्द · मधुर · आ[2]|प्यायक · कामसन्दिपक · परीश्रमहारी · आठऊ गुणे संपूर्ण मलयानिल यं वहइतेँ अछ। कोकीलाक कलरव · भ्रमरक झंकार · मलयानिलक वेग · सहकारमञ्जरी पुष्पक संभार · वृक्षकइ नूतनता · वसन्तक उद्भव · कामदेवक जन्म · नायकक उत्कण्ठा · नायिकाक अभिलाष · एवम्विध सर्वगुणसम्पूर्ण अनुष्णाशीत स्वभा|[५१क]व वसन्तराज तेँ अधिष्ठित वन देषु ॥ अपरः प्रकारः ॥ अगर · अशोक · तेन्दु · तिलक · जम्बीर · जम्बू · कटहर · ककोला · एला · सुखमेला · तमाल · हिन्ताल · सरल · मधुकर | स्वछकुन्द · माधवी · कनककदली · कम्पूरकदली · रामकदली · कदली प्रभृति अनेक पल्लवित · कन्दलित · मञ्जरित · मुकुलित · अर्द्धमुकुलित · पुष्पित[2] | फलित · सुपक्कि · प्रौढ़ · प्रचुर · प्रकाण्ड · वहुशाख · छायातरु तेँ समन्वित करञ्ज · कपिञ्जल

---

[1] MS. विचरचलि, with first च deleted by two dots on top.

[2] After this there is a sign like ए to complete line.

पारावत · [1]चकोर · विद्राङ्क · शिखण्डी · महाशुक · नील[2] | नीलग्रीव · सारिका · खञ्जनादि ये अनेक पोषित[3]चटक तेँ सेव्यमान ॥ पुनु कइसन देषु ॥ कोकिलाकेँ नादे वाचाल · भ्रमरक झङ्का|रे मुखर · मलयानिलक वेगे चञ्चल · पुष्पक परागेँ पिञ्जलित · छायाक मेदुरता तेँ शीतल · कुसु(म)क सौरभ ते धुपित · वारवीलासिनीक गीतध्वनि · तेँ म | [५१ख] मनोहर एवम्विध उपवन देषु ॥ पुनु कइसन देषू । सङ्गीतगृह · धारागृह · पाठगृह · सङ्केतगृह · तेँ मण्डित । लतामण्डप · लताहिन्दोल · लताभल · लता|निकुञ्ज ते शोभित चउत्तीसङ्ग उ(प)मणिक कृत भूमि तेँ नाना [र]स विलास वापीसमन्वित · स्थैयप्रतिष्ठित · परम्परीण ये पुरुष ते अधिष्ठित · इन्द्रक खा|ण्डववन · सुग्रीवक मधुवन · रावणक प्रववन एवंविध देषू ॥ श्लोकस्तु ॥

[4]शवलकुलधुताग्निष्टवन्दी वितानं
मृगमहिषवराहव्यूहसञ्चार घो|रं ।
सुललिततरुशाषारूढ़वाचालकीलं
मदयति वनमेतन्मानसं मानवानां ॥

॥ अथ सरोवरवर्णना ॥ शरतक चान्द अइ(स)न निर्म्म|ल · बौद्धपक्ष अइसन आपातभीषण · उदयनक सिद्धान्त अइसन प्रसन्न · योगीक चित्त अइसन सौम्य · हरिश्चन्द्रक त्याग अइसन अगाध स|[५२क]रोवर देषु ॥ पुनु कइसन देषु ॥ कमल · कोकनद · कल्हार · कुवलय · कुमुद तेँ उपशोभित · वेश्याक कटाक्षप्राय इतस्ततोगामी · भावलम्पट | भ्रमर तेँ उपशोभित ·

[1] MS. वकोर .

[2] After this akṣara, the sign like ए to complete line.

[3] MS. चकटक .

[4] So in MS.; =शवलकुलधुताग्निर्धूमवल्लीवितानम् .

वाउसि · वंसाढ़ · वोआर · वचा · वासु · अरि · मोञे · कोन्धु · नयना · नायर सौर · मिल्लिन्धि · सफरी प्रभृति अनेक ये | मत्स्य तेँ वलवलायमान · मङ्गर · सोह · काकु · साङ्कुच · घलियार · सुंसु · उद · नक्र · कमल · कुम्भीर · प्रभृति अनेक जलजन्तु तेँ अत्यन्त भया|वह। हंस · कलहंस · सारस · सरालि · सिन्धु · कङ्कारी · कराल · कोयष्टि · कारण्डव · कुकुल · खएर · आञ्जन · मोरापालि · वक · पुण्डेरि · च|क्रवाक प्रभृति अनेक जलचटक तेँ सुशोभन। कच्छप · स×कतर · ठोड · उग्ध्या · पतकाकु · प्रभृति अनेक कच्छप तेँ उप-शोभित · वराटी · नागुल | [५२ख] चीतर · चउसिङ्ग · सुण्ड-षोस · झंषार · घोरा · रोहल · प्रभृति अनेक मृग तेँ मण्डित। वर्षाक मेघ अइसन आकार · मङ्गलक उदय अइसन लोचन · पञ्चमी|क चान्द अइसन दान्त · गिरिआक डोर काटल अइसन वेग · दुर्योधनक अइसने आभिमाने · अर्ज्जुन अइ(स)ने प्राक्रमे · स्तम्भ कर्कश कठि|न · दुर्ज्जनक वुद्धि अइसनि कन्धवारि · षाटे जाघे · छोटे काने · मोटे आङ्गे · वाङ्गी नाङ्गलि · कदलीक कन्द उन्मूलि · पाङ्के आङ्ग | लिपि तीरतरुक छाया तं सुखे सुप्त भेल छथि · अनेक सुयर · कार · कावर · चलक · गोल · हमञ्जोन · मुसरोञ · कदुल · पाण्डर · नाना व|र्ण्ण चारि खण्डा जोल अइसनाह। गात · हाथ · दान्त · कुम्भ · काह · मोटाह · वलिय · विशाल · वेगवन्त · विलक्षण ये चारु तेँ समन्विताह · मज्जन उन्मज्जन ज|[५३क]लास्फार · शीकरविक्षेप · गण्डूष · नाकजल · [1]चुद्बुद · अवगाहन प्रभृति अनेक जलक्रीडा करइतेँ आह। एवम्विध सर्व्वगुणसंपूर्ण्ण सरोवर देषु ॥

---

[1] MS. =बुद्बुद ?

॥ अथ पोखरावर्णना ॥ महाजल|ह्रद अइसन प्रसन्न · कालिदासक कवित्व अइसन मनोहर · रामक यश अइसन निर्म्मल · वलिक त्याग अइसन अगाध। पुनु कइसन देषु। जाठि सञो अगनि पर्यन्त | मजुरीषी काचक भूमि कइसनि अछ · कादव काकर · डोङ्क · सौर्ण · सेमार ते विवर्ज्जित · कूर्म्म · महाकुर्म्म · अहिछत्र · श्यावसन्ध · व्योमराग · कीटपत्र · कुर्म्मविन्द · सूर्यना|ल · हरितसार · जीवित · यवजाति · शिखीनील ·। वंशपत्र · चूलीमरकत · भस्माङ्ग · जम्बुकान्त · स्फटिक · कर्क्केतर · पारिपात्र · नन्दक · अञ्जनक · लोहितक · शैलेयक | शुक्तिचुर्ण · पुलक · तुथेक · शुकग्रीव · गरुडपत्र · पीतराग · कर्प्पूरक · वर्णसर · काच · वत्तीसओ ये उपमनि तंकइ ये शिला तैँ शोभित ·। गजमुक्ताक ये शुक्र ते पि[ण्ड][1] [ग]ओकल अछ · सत्योमु|[५ २ ख]का छवि · आगनीषोह काकर कएल अछ · कँचाकर्प्पूरक पाम्शु[2] · लाओल अछ · गोमेदक पारी चारिऊ दिश छलनि अछ · इन्द्रनीलक साटि · पद्मरागक चक्र · हिमालयक पुरुष · अधिष्ठान वइसल अछ। | [3]चुत · चन्दन · चाप · श्रीफल · अशोक · अगुरु · अश्वत्यादि ये अनेक वृत्त तैँ अलंकृत यंक तट अइसन सर्व्वगुणसंपूर्ण पोखरा देषु ॥

॥ अथ पर्व्वतवर्णना ॥ [4]नन्दी · नद · निर्ज्झर · | पल्वल · सरसी · सरोवर · पस्रवण ते विचित्रित। पहाल · डोङ्कल · शिखर · अर्द्धशिखर · सिलासंघात · चुली · कन्दरा · झीझ · कुहर · दरी · निकुञ्जकटक · कोटरादि तैँ समन्वित · चम्प|क ·

---

[1] MS. two *akṣaras* worm-eaten here.

[2] A rare conjunct consonant, म above superscribed शुः may be read as पाम्भ also.

[3] =चूत।

[4] =नदी।

